Æппæт бæстæты пролетартæ, баиу ут!

РÆСТДЗИНАД

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы æмæ Министрты Советы органæн
Орган Северо-Осетинского обкома КПСС, Верховного Совета и Совета Министров Северо-Осетинской АССР

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы

1990

МАЙ— Зæрдæвæрæны мæй

11

МАЙРÆМБОН
Æ 91 (17773)

Аргъ 3 кап.

Абон горæт Орджоникидзейы йæ куыст райдайдзæн Цæгат Ирыстоны XXXIII облæстон партион конференци

ЗÆРДИАГ ФЕМБÆЛДТЫТÆ

Е. М. ПРИМАКОВ ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ

Нæ республикæмæ ссыд бæстæйы Президенттон советы уæнг СЦКП-йы ЦК-йы Политбюройы уæлдай æнтыстджын кандидат, академик Евгений Максимы фырт Примаков. Нæ балцы нысан у Цæгат Ирыстоны АССР-йы экономикон, политикон уаварымæ базонтæ уæвын.

Зиоп райсомæй Е. М. Примаков уыдис науион-куыстадон иугоид «Полимер»-ы. Мутоиды вазыгджын технологитимæ уазæджы зонгæ кодта «Полимер»-ы генералон директор А. М. Нойманов.

Цехтыл æрзилыны фæстæ Е. М. Примаков фæбæлда куыстыты тыххæй цы программæ снысан кодта, уый æххæстгонд кæй нæ цæуы, уымæ гæсгæ бæлвырд Президенты Указ М. С. Горбачев рæхджы раххæдзæн сæрмагоид Указ программæ æнæмæнг сæххæст кæныны мадзæлтты тыххæй.

Хойраджы фарста алыг кæнынæн стыр цæлхдур разынд уый, æмæ нæ егъау бæстæйæ арæх фæлварæн быдыр кæй арæзтам. Ныртæккæ дæр та нутæ уавæр фæхуыздæр кæныны нуынæт фæрæзыл нымайыпц фермерои фæтк, иннæтæ — арендæ. Фæлæ колхозтæ æмæ совхозтæ, райгуырæн бæстæйы хъæуы, Зæрдæ дарæн нс. Литвайы ног разамынд йæ разамынд кæй бамбардæн, уыдыл.

Рацарæсты рæстæг фæллойадон æгъдау, барадон фæтк, закъонтæ æххæсткæнынад кæй фæлæмæгъдæр сты, уый, кæй зæгъын æй хъæуы, бæстæйы уавæрыл хорзырдæм нæ зыны. Конституци æмæ закъонтæ карзæй æххæстгонд куынæ цæуой, уæд рацарæзт нæ фæуæлахиз уыдзæн.

Нæ рацарæзтæн та ис канд мидбæстон нæ, фæлæ дунеон ахадындзинад. Æмæ кæд дызгъæл ныгуылæны никæй хъæуы. Зæрдæ дарæн ис, Литвайы ног разамынд йæ разамынд кæй бамбардæн, уыдыл.

Рацарæсты рæстæг фæллойадон æгъдау, барадон фæтк, закъонтæ æххæсткæнынад кæй фæлæмæгъдæр сты, уый, кæй зæгъын æй хъæуы, бæстæйы уавæрыл хорзырдæм нæ зыны. Конституци æмæ закъонтæ карзæй æххæстгонд куынæ цæуой, уæд рацарæзт нæ фæуæлахиз уыдзæн.

Нæ рацарæзтæн та ис канд мидбæстон нæ, фæлæ дунеон ахадындзинад. Æмæ кæд Максимы фырт зæгъта, Ирыстоны фыццаг хатт кæй нæй, нæ сæйраг горæтæрдзыхæд, уæлдайдæр ма нæ бирæнацион республикæйы цæрджытæ йæ зæрдæмæ тынг кæй цæуынц. Стыр аргъ скодта «Полимер»ы куыстадон культурæйæн.

Знон Е. М. Примаков Цæгат Ирыстоны уæтæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты æмбырдгæнæн залы фембæлд республикæйы уæлдæр скъолаты æмæ иннæ ахуыргæнæндзæтты разамынд æмæ æххæстæнадон организацийы мидæгæнæн.

Æвæццæгæн æмæ, Райгуырæн бæстæйы хъæхъхъæнджытæн бузныг сæ уæвæгфæдонтæ цы æнæкæрон бирæ цыртдæвæнтæ ныссагъæрдыл чи бадардзæн, фидæны уыцы фæлтæрты удыхъæды хъаруйыл, зонд æмæ сыгъдæгдзинадыл.

Курын, æмбæлттæ, чи фæмард, уыцы хъæбатырты ном минут æнæдзургæйæ ссарын.

Æмбæлттæ! Нæ кадджын æмбырды сты, фронты æмæ партизанты къордты знагимæ чи тох кодта, æппæт советон адæмимæ иумæ йæ хъæбатыр фæллойæ нæ цыдджын Уæлахиз чи 'хсыста, фæсчъылдымы уыцы хъæбатыртæ. Раттут мын сымах номæй, республикæйы æппæт фæллойгæнджыты номæй уыдоны раз сæр æркъул кæныны, зæрдæбын арфæ сын ракæныны æмæ сын æхсидгæ бузныг зæгъыны бар бæрæгбоны фæдыл.

Мах Уæлахизы 45 азы боныл æмбæлæм вазыгджын æууæлты. Демократицази æмæ æргомдзинад, æхсæнады политикон æмæ экономикон системæйы, чи сæвзæрд æмæ рæстæгмæ гæсгæ ныхлæууддзинæдтæ кæм фæзынд, уыцы æхсæнадон равæрдтытæ равдыстой стыр хъæнтæ, æнæсахъат æнхъæл кæмæн уыдысты, социализмы уыцы буарыл, базмелын кодтой адæмы егъау дзыллæтæ, уæрæх фæндаг байгом кодтой националистон æмæ фæхицæнтæ уынымæ тырындзинæдтæн, сыгом кодтой, чи байгас, адæймаджы уыцы мæгуыраудæр монцтæ æмæ политикон хиуарзондзинад. Æцæгдзинадæн йæ цæстытæм куы кæсæм æмæ алцы йæхи нæмæй куы хонæм, уæд абон ны рæстæг. Æмæ нын уым фехъуыс уыдзысты хистæр фæлтæрты хъару æмæ ныфс, Райгуырæн бæстæйыл сæ нысердиондзинад. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты ныл цы зиантæ æрцыд, уыдон нудадзыг зæрдыл дарын.

Уыцы нæргæ астæ ивгъуыдмæ цас дарддæр цæуынц, уый бæрц æппæт дунейы размæ ирддæрæй лæууы советон адæмы сгуыхтдзинады æгæрон ахадындзинад. Хæстон архайды райдайыны тæссаг цаутæй Советон Æфсады фæстаг фалгæронгæнæн цæфты онг. Фыдыбæстæйы Стыр хæст у советон адæмы æнæфентæ дзыллон хъæбатырдзинады зæрдæгайæг ныв.

Райгуырæн бæстæйы сæраппонд цардыл нæ ауæрдгæйæ, лæггады нысан сси горæттæ-хъæбатыртæ Мæскуы, Ленинград, Сталинград, Севастополь, Одессæ, Киев, Керчь, Минск, Новороссийск, хъæбатыр фидар Брест хъахъхъæнджыты сгуыхтдзинад.

Мæлæтхæссæг тохы кæй сæраппонд бацыд, уыцы хъуыддæгты историон рæстдзинадыл фидар æууæндæг советон адæймаг бынат не ссардта «æртыккæгæм рейхы» фыдгæнæг политикты нысанты. Парти кæй схъомыл кодта, нæ уыцы адæмы æнæфæцудгæ æууæнк ленинон рæстдзинады, æцæг адæймагон хæзнаты уæлахизæй фашистон удхорты разыл круппаг æндонæй тыхджындæр. Уыцы æууæнк стын кодта арæнхъахъхъæнæг фæтæнæгуæвæг заставæты сæхицæй бирæ фыддæр Верхмахты дивизиаты ныхмæ атакæмæ. Райгуырæн бæстæйы сæрибарад æмæ хæдбардзинады сæраппонд удуæлдайдзинадæй фæзминаг уæвгæйæ. Кæд æмæ йæ рæнхъытыл егъау знантæ æрцыд, уæддæр парти хæсты азты зынгæ фæфылдæр. Салдæттæ æмæ командиртæ тæккæ зынаргъдæрæн истой акъоппыты партбилеттæ æмæ семæ цыдысты хæстмæ. 1945 азы райдайæнмæ æфсады, æмæ флоты 'уыдис партийы 3 милуаны æмæ 325 мин адæймаджы, кæнæ йе 'ппæт уæнгты 60 проценты бæрц. Уæззау фæлварæнтæ нолжы тыигдæр бахсыстой ленинон партийы рæнхъытæ, бафтыдтой йын йæ хæстхъомдзинад æмæ кадыл.

Хæсты фæуæлахиз сты канд нæ хæцæнгарз, экономикæ æмæ политикон цардарæзт нæ. Фæуæлахиз сты, революци кæй сæраппонд арæзт æрцыд, уыцы хъуыдыты, адæймагуарзондзинады æмæ рæстдзинады кадджын уагæвæрдтæ.

Нæ æппæтдунеон-историуæлахизы гуырæнтæ сты [illegible] дæг, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты æппæтадæмон миди, Тыххæй нæ цы хæсты æ цæуын кодтой, уый тыхмæ фæлварæн ссис социалистон цардарæзты цардхъомдзинадæн, бирæнацион Советон паддзахады фидардзинадæн, советон адæмы патриотон удыхъæды тыхæн. Æмæ арт æмæ цирхъæй уыцы фæлварæнæн бафарæзтам кадимæ.

Геббельсы пропагандæ «Уæйыг æлыг къæхтыл» кæй

Нæ республикæмæ ссыд бæстæйы Президенты совет Политбюройы уæлæмхасæн кандидат, академик Евгений Максимы фырт Примаков. Нæ балцы нысан у Цæгат Ирыстоны АССР-йы экономикон, политикон уавæримæ базонгæ уæвын.

Знон райсомæй Е. М. Примаков уыдис наукон-куыстадон иугонд «Полимер»-ы. Иутонды вазыгджын технологитимæ уазæджы зонгæ кодта «Полимер»-ы генералон директор А. М. Нойманов.

Цехтыл æрзилыны фæстæ Е. М. Примаков фембæлд иугонды фæллойгæнджытимæ. Æмбырдгæнæн залы уыдысты горæты къорд куыстуаты разамонджытæ æмæ парткомты секретарæ дæр.

Президентон советы уæнг фембæлды архайджытæн радзырдта президентон хицæвдзинады нысанты æмæ советы архайды тыххæй. Рацарæст расидыны агъоммæ нæ паддзахады экономикæ æрцыд ахæм уавæрмæ, æмæ, иннæ стыр бæстæтимæ абаргæйæ, нæ товарты бæрц æмæ хъæд райдыдтой дæлæмæ хауын. Баивын хъуыд экономикон æмæ социалон рæсты фæтк. Уæвгæ та ЦСУ нæ мыхуыр кодта нæ фæстæзады бæрæггæнæнтæ. Сæйраг аххос — куысæг йæхи не 'нкъардта куыстады хицауæй, дард лæууыд йæ фæллойы фæстиуджытæй.

Къуырцдзæвæнæй рацæуыны фæрæз — базары экономикæ. Бирæтæ дзурыны, зæгъгæ, ахæм экономикæ нæу социалон рæстдзинады аккаг. Фæлæ уый раст хъуыды нæу. Базары экономикæйæн уыдзæн уынаффæгæнæн паддзахады 'рдыгæй. Ныртæккæ Президентон совет архайы рахæцæнтæ аразыныл, цæмæй ахæм экономикæмæ рахизын ма фæныхила фæллойгæнджыты интерестæм.

Дарддæр Е. М. Примаков фехъусын кодта, зæгъгæ, 2000 азмæ парти цæрæнуæтты тыххæй цы программæ снысан кодта, уый æххæстгонд нæй, нæ цæуы, уымæ гæсгæ бæстæйы Президент М. С. Горбачев рæхджы разæндзæн сæрмагонд Указ программæ æнæмæнг сæхæст кæныны мадзæлтты тыххæй.

Хойраджы фарста алыг кæнынæн стыр цæлхдур разынд уый, æмæ нæ егъау бæстæйæ арæх фæлварæн быдыр кæй арæзтам. Ныртæккæ дæр та иутæ уавæр фæхуыздæр кæныны иунæг фæрæзыл нымайынц фермерон фæтк, иннæтæ — арендæ. Фæлæ колхозтæ æмæ совхозтæ пайдаджын кæм сты, хорз кæм кусынц, уым сæ лыстæг дихтæ цæмæн хъуамæ кæнæм? Ахæм пайдаджын хæдзарæдтæ та бæстæйы сты 70 проценты бæрц. Раст зæгъгæйæ, абон Орелы облæсты нс 18 мин арендаторы. Уыдон иуцасдæр фæхуыздæр кодтой облæсты хойраджы хъуыддаг. Фæлæ, цымæ, æнæсаумæр Орелы облæсты фæлтæрддзинад саумæр зæххыты дæр сбæздзæн? Стæй дунеон фæлтæрддзинад куыд æвдисы, афтæмæй фермерон, арендон æмæ иннæ лыстæг хæдзарæдтæн сæ бон ногдæр техникæ æмæ технологитæй пайда кæнын тынг зын кæй у, уымæ гæсгæ фæзынд лыстæг хæдзарæдтæ егъаудæр кæнынмæ тырнындзинад.

Залы уæвджыты бирæ фарстытæн дзуаппытæ дæттгæйæ, Президентон советы уæнг Литвайы уавæры тыххæй загъта, йæ ног разамынд уыцы республикæ Советон Цæдисæй ахицæн кæныны уынаффæ кæй рахаста талфтулфæй, Литва нæ бæстæнмæ цы экономикон, социалон, культурон бирæ тæгтæй баст у, уыдон нæ хыницгæйæ, цы адæмыхæттытæ дзы цæры, уыдоны хъысмæт ницæмæ æрдаргæйæ. Зæгъæм, цы фæуыдзысты, Литвайы цы бирæ нумæйаг паддзахадон куыстуæттæ ис, уыдон? Раст у, 20-æм азты Литва Англисæн дзидза кæй уæй кодта, уый. Фæлæ абон фыдзæлæ нывгуылæны никæй хъæуы. Зæрдæ дарæн ис, Литвайы нæ разамынд нæ рæдыд кæй бамбардзæн, уыл.

Рацарæзты рæстæг фæллойадон æгъдау, барадон фæтк, закъонтæ æххæсткæнынад кæй фæлæмæгъдæр сты, уый, кæй зæгъын æй хъæуы, бæстæйы уавæрыл хорзырдæм нæ зыны. Конституци æмæ закъонтæ кардзæй æххæстгонд куынæ цæуой, уæд рацарæзт нæ фæуæлахиз уыдзæн.

Нæ рацарæзтæн та ис канд мидбæстон нæ, фæлæ дунеон ахадындзинад. Æмæ кæд АИШ-ы президент Буш Литвайы уавæрмæ гæсгæ иуцасдæр йæхи фæкарз кодта, уæддæр ын рæхджы М. С. Горбачевимæ цы фембæлд уыдзæнис, уым рæстмæ лыггонд æрцæудзысты дунеон ахадындзинады ахсджиаг фарстатæ.

Е. М. Примаков бæлвырд радзырдта, нæ бæстæйы хæстон промышленность адæмон фæлхасадон товартæ фылдæр уадзынмæ куыд здæхт цæуы, нæ Гæрзифтонг Тыхтæ сæхи хъахъхъæнынадон уагмæ куыд ивынц, уыдæтты тыххæй.

Фембæлды уæвджытæ Президентон советы уæнджы фарстой: дукaниты хъæугæ товартæ цæуылнæ ис, адæм сæ сæудæджергæнджытæй туджы аргъæй цæмæн æлхæнынц? Ам аххосджын æрмæст нæ промышленность нæу. Стыр азым хауы бынæттон Советтæм. Уыдонæн сæ бон у товартæ раст дих кæныны хъуыддаг сæ къухмæ райсын. Науæд сарæх ис, кæнгæ дефицит кæй хонæм, уый дæр. Фæлхасгæнджытæй æмбæхсынц товартæ. Уый нæ, фæлæ ма æфсæнвæндаджы станцæты адæмы хъæугæ товартимæ вагæттæ дзæвгар рæстæг лæууынц æнæвнæлдæй. Стæй ис ахæм фæзындтытæ дæр, æмæ уыны вагæттæ гæрæмттыл æндæр рæттæм куы арвитынц.

Кæронбæттæны Евгений Максимы фырт загъта, Ирыстоны фыццаг хатт цæй нæй, нæ сæйраг горæтæй, Орджоникидзе, хъæд, уæлдайдæр та нæ бирæнацион республикæйы цæрджытæ йæ зæрдæмæ тынг кæй цæуынц. Стыр аргъ скодта «Полимер»-ы куыстадон культурæйæн.

Знон Е. М. Примаков Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты æмбырдгæнæн залы фембæлд республикæйы уæлдæф скъолаты æмæ иннæ ахуыргæнæндæтты разамынд æмæ æхсæнадон организацийы минæвæрттимæ.

Нæ уазæгæн фембæлд уыдис Орджоникидзейы Советон Цæдисы Маршал А. И. Еременкойы номыл дыууæ хатты Сырхтырысаджын уæлдæр æфсæддон командон училищейы дæр.

Изæрæй Е. М. Примаков СЦКП-йы обкомы фембæлд республикæйы партион-советон активимæ. Фембæлды архайдта ССР Цæдисы Сæйраг Советы Дунеон хъуыддæгты сæрдар Дзасохты А. С.

Е. М. Примаков дзуаппытæ радта фембæлды бирæ архайджытæн.

Президентон советы уæнгимæ фембæлдтыты уыдысты СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг секретарь Галазты Æ. Х., Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы сæрдары фыццаг хæдивæг Бирæгъты Ю. Г., республикæйы Министрты Советы сæрдар Хетæгкаты С. В., Паддзахадон æдасдзинады комитеты сæрдар В. А. Гусев, иннæ бæрнон кусджытæ.

ХУЫГАТЫ В.

КЪАМЫ: Е. М. Примаковимæ фембæлд паддзахадон университеты.

Къам систа

КЪÆБЫСТЫ Х.

Райгуырæн бæстæйы сæрапподæ цардыл нæ ауæрдгæйæ, лæггады нысан ссис горæттæ-хъæбатыртæ Мæскуы, Ленинград, Сталинград, Севастополь, Одессæ, Киев, Керчь, Минск, Новороссийск, хъæбатыр фидар Брест хъахъхъæнджыты сгуыхтдзинад.

Мæлæтхæссæг тохы кæй сæрапподæ бацыд, уыцы хъуыддæгты историон рæстдзинадыл фидар æууæндæг советон адæймаг бынат не ссардта «æртыккæгæм рейхы» фыдгæнæг политикты нысанты. Парти кæй схъомыл кодта, нæ уыцы адæмы æнæфæцудгæ æууæнк ленинон рæстдзинады, æцæг адæймагон хæзнаты уæлахизыл фашистон удхортыл разынд круппаг æндонæй тыхджындæр. Уыцы æууæнк стын кодта арæнхъахъхъæнæг фæтынæгуæвæг заставæты сæ. хицæй бирæ фылдæр Вермахты дивизиты ныхмæ æдæрсгæ атакæты, знаджы танкты ныхмæ фæстаг тахтмæ сарæзта Николай Гастеллойы хæдтæхæг, дзоты амбразурæмæ баппæрста Александр Матросовы.

Уый тыхтæ æфтыдта, 41-æмы тæккæ зындæр бонты 45-æмы Уæлахизы май чи цæттæ кодта, фæсчъылдымы уыцы фæллойгæнджытыл. Кæй никуы фендæуыд, адæймаджы бон уæдмæ бакæнын нæу, зæгъгæ, кæй нымадæуыд, ахæм цыбыр æмгъуыдмæ уыдон Скæсæнмæ ластой, хъызты æргом арвы бын æмбырд кодтой æмæ кусын кодтой промышленнон куыстуæттæ. Хъæуты баззайæг зæрæдтæ, сылгоймæгтæ, сывæллæттæ, сæхæдæг æххормаг æййафгæйæ, къæбæр æрвыстой фронтмæ.

Æппæт советон адæм дæр æвæллайгæ æмæ æппæт мадзæлттæй æххуыс кодтой æфсад æмæ флотæн, фронт æмæ фæсчъылдым уыдысты иу æнæхъæн. Бæстæйы æппæт нациты, не 'хсæнады æппæт социалон фæлтæрты уыцы æнæфенгæ иудзинадыл ныппырх кодта йе 'ндон ных фашистон лæбурæг.

Уыцы æнæмбал æппæтадæмон сгуыхтдзинад аразæг, разæнгардгæнæг уыдис Коммунистон парти. Уый ссис адæмимæ баууæвæг, Фыдыбæстæйы хъысмæтыл æппæт бæрнондзинад дæр йæ къухмæ райсæг тохгæнæг парти. Алы фондз коммунистæй дæр уыцы азты цыппар уыдысты æфсады кæнæ хъахъхъæнынадон куыстуæттæ. Пе 'ппæт нæфæцудгæдзинад, æхсар, ныфс парти арæзта фашизм ныддæрæн кæнынмæ.

Коммунисттæ систы уыцы хæсты тæккæ хъæбатырдæр салдæттæ, «Коммунисттæ, размæ!» — уыцы æхсидгæ сидтмæ гæсгæ партийы уæнгтæ фыццаг стадысты ты тыхтæ æмæ фæсарæзтæ. Æрмæст æмбырдгæнæгтæ æмæ сын æхсидгæ бузныг зæгъыны бар бæрæгбоны фæдыл.

Мах Уæлахизы 45 азы боныл æмбæлæм вазыгджын æууæлты. Демократицази æмæ æргомдзинад, æхсæнады политикон æмæ экономикон системæйы, чи сæвзæрд æмæ рæстæгмæ гæсгæ нывлæууддзинæдтæ кæм фæзынд, уыцы æхсæнадон рæвæрдытæ равдыстой стыр хъæнтæ, æнæсахъат æнхъæл кæмæн уыдысты, социализмы уыцы буарыл, базмæлын кодтой адæмы егъау дзыллæтæ, уæрæх фæндаг байгом кодтой националистон æмæ фæхицæнтæ уæвынмæ тырныдзинæдтæн, сыгом кодтой, чи байгас, адæймаджы уыцы мæгуыраудæр монцтæ æмæ политикон хиуарзондзинад. Æцæгдзинадæн йæ цæстытæм куы кæсæм æмæ алцы йæхи нормæй куы хонæм, уæд абон цæуы тох, тызмæг æмæ хъæддых хæст адæмы зонд æмæ зæрдæтыл, политикон, идеологон æмæ экономикон фронтты сæ фидæныл. Уыцы тызмæг тох цæуыл ахицæн уа, уымæй аразгæ у дзуапп нæ рæстæджы сæйраг фарстайæн — уой æви мах уой социализм æмæ Коммунистон парти.

Цы рацарæзтытæ райдыдтам, уыдоны, карз социалон-экономикон æмæ политикон фарстатæ лыг кæныны фæндагыл нæ размæ слæууыдысты стыр фæлварæнтæ. Мах ныссастам бæстæйæн уынаффæйады æмæ хæдзариуæгады зæронд уаг, фæлæ ног нæма сарæзтам. Уыцы фæзилæн рæстæджы сæвзæрдысты карз экономикон кризис, æхцайы кады дæлæмæйы хауд, фыдракæндты рæзт, аууоны экономикæйы ældариуæгад парахатæй-парахатдæр кæй кæны, уый нæ. Æппæт уыдæттæн сæ бон æркæнын у тæссаг фæстиуджытæм нæ бæстæйæн, социализмы хъысмæтæн.

Цы къуырцдзæвæн сæвзæрд, уырдыгæй рацæуыны иунæг мадзал у хъæддых архайд. Мах фидарæй бауырныдта, рацарæзт раивæн кæй ницæмæй нс. Æмæ кæд афтæ у, уæд махæн æмбæлы ныфсджындæрæй æмæ æнæфæцудгæдæр цæуын уыцы фæндарыл, нæ нау нын историон фæндагæй фæзилын, фæстæмæ йæ раздахын, кæнæ йæ граждайнаг æнæбафидаугæ ныхлæууддзинады гуылфæны баппарын кæй фæнды, уыцы тыхты ныхмæ ныфсджындæрæй лæууын. Нæ фæндаг нын бæлвырддæр бацамонын, сбæрæг кæнын йæ хæс у партийы XXVIII съездæн. Парти æмæ бæстæйæн уый у, фæстæмæ дарддæр цæуæн кæмæй нал нс, уыцы арæн. Ралæууыд акъоппытæй сыстыны æмæ архайытæ æнæмæлгæ сгуыхтдзинад сæ дзыгъæл нывгуылæны никæй хъæуы. Зæрдæ дарæн ис, Литвайы нæ разамынд нæ рæдыд кæй бамбардзæн, уыл.

Рацарæзты рæстæг фæллойадон æгъдау, барадон фæтк, закъонтæ æххæсткæнынад кæй фæлæмæгъдæр сты, уый, кæй зæгъын æй хъæуы, бæстæйы уавæрыл хорзырдæм нæ зыны. Конституци æмæ закъонтæ кардзæй æххæстгонд куынæ цæуой, уæд рацарæзт нæ фæуæлахиз уыдзæн.

Нæ рацарæзтæн та ис канд мидбæстон нæ, фæлæ дунеон ахадындзинад. Æмæ кæд АИШ-ы президент Буш Литвайы уавæрмæ гæсгæ иуцасдæр йæхи фæкарз кодта, уæддæр ын рæхджы М. С. Горбачевимæ цы фембæлд уыдзæнис, уым рæстмæ лыггонд æрцæудзысты дунеон ахадындзинады ахсджиаг фарстатæ.

Е. М. Примаков бæлвырд радзырдта, нæ бæстæйы хæстон промышленность адæмон фæлхасадон товартæ фылдæр уадзынмæ куыд здæхт цæуы, нæ Гæрзифтонг Тыхтæ сæхи хъахъхъæнынадон уагмæ куыд ивынц, уыдæтты тыххæй.

Фембæлды уæвджытæ Президентон советы уæнджы фарстой: дукaниты хъæугæ товартæ цæуылнæ ис, адæм сæ сæудæджергæнджытæй туджы аргъæй цæмæн æлхæнынц? Ам аххосджын æрмæст нæ промышленность нæу. Стыр азым хауы бынæттон Советтæм. Уыдонæн сæ бон у товартæ раст дих кæныны хъуыддаг сæ къухмæ райсын. Науæд сарæх ис, кæнгæ дефицит кæй хонæм, уый дæр. Фæлхасгæнджытæй æмбæхсынц товартæ. Уый нæ, фæлæ ма æфсæнвæндаджы станцæты адæмы хъæугæ товартимæ вагæттæ дзæвгар рæстæг лæууынц æнæвнæлдæй. Стæй ис ахæм фæзындтытæ дæр, æмæ уыны вагæттæ гæрæмттыл æндæр рæттæм куы арвитынц.

Кæронбæттæны Евгений Максимы фырт загъта, Ирыстоны фыццаг хатт цæй нæй, нæ сæйраг горæтæй, Орджоникидзе, хъæд, уæлдайдæр та нæ бирæнацион республикæйы цæрджытæ йæ зæрдæмæ тынг кæй цæуынц. Стыр аргъ скодта «Полимер»-ы куыстадон культурæйæн.

Знон Е. М. Примаков Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты æмбырдгæнæн залы фембæлд республикæйы уæлдæф скъолаты æмæ иннæ ахуыргæнæндæтты разамынд æмæ æхсæнадон организацийы минæвæрттимæ.

Нæ уазæгæн фембæлд уыдис Орджоникидзейы Советон Цæдисы Маршал А. И. Еременкойы номыл дыууæ хатты Сырхтырысаджын уæлдæр æфсæддон командон училищейы дæр.

Изæрæй Е. М. Примаков СЦКП-йы обкомы фембæлд республикæйы партион-советон активимæ. Фембæлды архайдта ССР Цæдисы Сæйраг Советы Дунеон хъуыддæгты сæрдар Дзасохты А. С.

Е. М. Примаков дзуаппытæ радта фембæлды бирæ архайджытæн.

Президентон советы уæнгимæ фембæлдтыты уыдысты СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг секретарь Галазты Æ. Х., Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы сæрдары фыццаг хæдивæг Бирæгъты Ю. Г., республикæйы Министрты Советы сæрдар Хетæгкаты С. В., Паддзахадон æдасдзинады комитеты сæрдар В. А. Гусев, иннæ бæрнон кусджытæ.

ХУЫГАТЫ В.

КЪАМЫ: Е. М. Примаковимæ фембæлд паддзахадон университеты.

Къам систа

КЪÆБЫСТЫ Х.

Райгуырæн бæстæйы сæрапподæ цардыл нæ ауæрдгæйæ, лæггады нысан ссис горæттæ-хъæбатыртæ Мæскуы, Ленинград, Сталинград, Севастополь, Одессæ, Киев, Керчь, Минск, Новороссийск, хъæбатыр фидар Брест хъахъхъæнджыты сгуыхтдзинад.

Мæлæтхæссæг тохы кæй сæрапподæ бацыд, уыцы хъуыддæгты историон рæстдзинадыл фидар æууæндæг советон адæймаг бынат не ссардта «æртыккæгæм рейхы» фыдгæнæг политикты нысанты. Парти кæй схъомыл кодта, нæ уыцы адæмы æнæфæцудгæ æууæнк ленинон рæстдзинады, æцæг адæймагон хæзнаты уæлахизыл фашистон удхортыл разынд круппаг æндонæй тыхджындæр. Уыцы æууæнк стын кодта арæнхъахъхъæнæг фæтынæгуæвæг заставæты сæ. хицæй бирæ фылдæр Вермахты дивизиты ныхмæ æдæрсгæ атакæты, знаджы танкты ныхмæ фæстаг тахтмæ сарæзта Николай Гастеллойы хæдтæхæг, дзоты амбразурæмæ баппæрста Александр Матросовы.

Уый тыхтæ æфтыдта, 41-æмы тæккæ зындæр бонты 45-æмы Уæлахизы май чи цæттæ кодта, фæсчъылдымы уыцы фæллойгæнджытыл. Кæй никуы фендæуыд, адæймаджы бон уæдмæ бакæнын нæу, зæгъгæ, кæй нымадæуыд, ахæм цыбыр æмгъуыдмæ уыдон Скæсæнмæ ластой, хъызты æргом арвы бын æмбырд кодтой æмæ кусын кодтой промышленнон куыстуæттæ. Хъæуты баззайæг зæрæдтæ, сылгоймæгтæ, сывæллæттæ, сæхæдæг æххормаг æййафгæйæ, къæбæр æрвыстой фронтмæ.

Æппæт советон адæм дæр æвæллайгæ æмæ æппæт мадзæлттæй æххуыс кодтой æфсад æмæ флотæн, фронт æмæ фæсчъылдым уыдысты иу æнæхъæн. Бæстæйы æппæт нациты, не 'хсæнады æппæт социалон фæлтæрты уыцы æнæфенгæ иудзинадыл ныппырх кодта йе 'ндон ных фашистон лæбурæг.

Уыцы æнæмбал æппæтадæмон сгуыхтдзинад аразæг, разæнгардгæнæг уыдис Коммунистон парти. Уый ссис адæмимæ баууæвæг, Фыдыбæстæйы хъысмæтыл æппæт бæрнондзинад дæр йæ къухмæ райсæг тохгæнæг парти. Алы фондз коммунистæй дæр уыцы азты цыппар уыдысты æфсады кæнæ хъахъхъæнынадон куыстуæттæ. Пе 'ппæт нæфæцудгæдзинад, æхсар, ныфс парти арæзта фашизм ныддæрæн кæнынмæ.

Коммунисттæ систы уыцы хæсты тæккæ хъæбатырдæр салдæттæ, «Коммунисттæ, размæ!» — уыцы æхсидгæ сидтмæ гæсгæ партийы уæнгтæ фыццаг стадысты

Абон, националистон хъылма нæ бæстæйыл куы хæлиу кæны æмæ нæ Цæдис тыхст ран куы 'вæры, раст зонды хурхыл куы хæцы æмæ дзы мигъ куы уадзы, уæд нын æмбæлы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты тызмæг азтæм фæстæмæ акæсын æмæ зæрдыл æрлæууын кæныны, адæмты хæлардзинад кæй у, аргъ кæмæн нæй, нæ уыцы нсбон æмæ нæ хъаруйы гуырæн. Ацы бон æууæндын фæндид, æппæт зындзинæдты сæрты ахизгæйæ, фæногдæргонд Цæдис кæй рахиздзæн йæ рæзты хъæдмæ гæсгæ ног къæпхæнмæ æмæ, советон адæмты бинонтæ ныддихтæ кæнынмæ чи хъæвы, уыцы халæн, ныхмæ архайæг тыхтæн не 'хсæнады æнæсахъат хай акkаг ныхкъуырд ратдзæн, уыл. Мах нумæ стæм æнæбасæтгæ — ахæм у ивгъуыд хæсты сæйраг æндыхос. Уый нæ зæрдыл дарын хъæуы мах не 'ппæты дæр.

1418 боны æмæ æхсæвы ахаста, адæмты хъысмæт лыггонд кæм цыд, уыцы егъау хæст. Советон адæм æмæ йæ Гæрзифтонг Тыхтæ Коммунистон партийы разамындæй бахъахъхъæдтой нæ Райгуырæн бæстæйы æмбырдгæнæг æмæ æдбардзинад. Октябры хъуыддаг æмæ социализмы уæлахизтæ.

(Кæрон 2 фарсыл).

РÆЗЫ ÆХСЫРЫ ÆРКОНД

Азы райдайæнæй фæстæмæ зæрдиаг фæллой кæнынц Дыгуры районы колхоз «Октябры 50 азы» фосдарджытæ. Хæдзарад бирæ фылдæртæй ахицæн кодта фыццæгæм кварталы пълантæ паддзахадæн æхсыр æмæ ахидза уæй кæнынæй. Хорз цæуынц фосдарджыты хъуыддæгтæ дыккæгæм кварталы дæр. Цыппар мæймæ уал паддзахадæн æхсыр ауæй кодтой 267 тоннæйы. Уый фарон ацафон цас уæйгонд æрцыд, уымæй у 100 тоннæйы фылдæр. Хæдзарад ныридæгæн уæлдайджытæй ахицæн кодта æхсæз мæйы пълан дзидза уæй кæнынæй.

Ныртæккæ фосæн фаг æмæ афоныл лæвæрд цæуынц цыппæр холлæгтæ. Уый руаджы рæзы æхсыры æрконд. Æрвылбон цæттæгæнæн пунктмæ фыццаг сорты æхсыр арвитынц 2600 килограммы, кæнæ фарон ацафон цас æрвыстой, уымæй тоннæ фылдæр. Суткæмæ алы хъугæй дæр æхсыр дыгъд цæуы 11—12 килограммы. Раззагдæр хъугдуцджытæн ноджы фылдæр æнтысы. Фосдарджытæ куыд зæгъынц, афтæмæй æхсыр уæй кæныны æхсæз мæйы пълан æххæстгонд æрцæудзæн дæсæм июнмæ. Уæлæмхасæн ма уæйгонд æрцæудзæн æппынкъаддæр 50 тоннæйы.

Хæдзарад холлæгтæй хорз æххуыс кæны хъæубæстæн. Æмæ сæм цы уæлдай фосдарыны продуктæ вæййы, уыдон аслам аргъæй уæй кæнынц паддзахадæн. Æрвылбон дæр цæрджытæй æхсыр балхæны 600—700 килограммы. Цыппар мæймæ уал æхсыр балхæдта 30 тоннæйæ фылдæр.

Нæ уацхæссæг.

ÆНÆМÆЛГÆ СГУЫХТДЗИНАД МЫНÆГ НÆ КÆНЫ

(Райдайæн 1 фарсыл).

Абон махæн æмбæлгæ сæрыстырæй нæ бон æгъзын у, бæстæйы æппæт адæмтимæ нумæ сæ аккаг хай Фыдыбæстæйы Стыр хæсты историон уæлахизмæ кæй бахастой ирон адæм, нæ республикæйы æппæт фæллойгæнджытæ дæр. 41-æм раст июны бонты æфсæддон комиссарадтæм бацыд фронтмæ сæ арвитыны тыххæй 10 мин курдиаты. Цæгат Ирыстоны коммунисты 60 процейты æмæ фæскомцæдисоны 80 проценты ацыдысты Райгуырæн бæстæ хъахъхъæнынмæ.

Республикæйы 84 мин фырт æмæ чызгæй фылдæр егъау тохы æппæт фронтты хъæбатырæй тох æмæ дæрæн кодтой æнæуынон знаджы. Хæсты тæккæ райдайæны æппæт бæстæ дæр байдыта æдæрсгæ елхотаг сгарæг Милдзыхты Хадзымыр æйны сгуыхтдзинады тыххæй, уый ну хæсты ныццагъта 100 гитлеронæй фылдæр. Г. Белгороды бынмæ лæууы Намысы цыртдзæвæн, сыгъзæрин дамгъæтæй йыл фыст сты Райгуырæн бæстæйы бирæ хъахъхъæнджыты нæмттæ. Уыдоны 'хсæн — не 'мзæххон, Советон Цæдисы Хъæбатыр, артиллерист Гаккайты Алиханы ном дæр.

Горæт Харьковы Уазал хохыл хъæбатыр мардæй фæмард Зилгæйы фæскомцæдисон чыры схъомылгонд полчъы æрыгон командир Æхсараты Энвер. Йæ фæстаг ныхæстæ уыдысты: «Райгуырæн бæстæйы, райгуырæн Харьковы сæраппонд!». Донаг бидырты йæ фæстаг хъæбатырдзинад равдыста дурдуйраг фæскомцæдисон Дзотты Лазæр. Мæлæтдзаг цæф фæуæвгæйæ, уый йæ тугей писмо ныффыста йæ райгуырæн адæммæ, уыдис дзы йæ ныстуан, цæмæй 'йе мзæххонтæ æгъатырæй тох кæнгой знагимæ, æппæт тыхтæ дæр уæлахизæн раттой.

Советон Прибалтикæйыл тохты хъæбатырæй фæмард гвардион фистæг корпусы командир, инæлар Цæлыкаты Хъантемыр. Ленинграды бынмæ та ис совхоз «Катиево», афтæ йæ схуыдтой 'мзæххон — Невайы фронты хъахъхъæнæг дивизи командир Дзадтиаты Сергей Хаджыбайы фырт. Легендарон æмæ стыр хæстон арæхстдзинад равдыста Курскы дугбæлæтыл тохы батарейы командир, гвардийы хистæр сержант Тогызты Хъауырбег Уый цы сармадзанæн ис командæ кодта, уымæй ныддæрæн кодтой 8 танчы æмæ хæдцæугæ сармадзаны, уыимæ, æппæлæнты бын кæй фæиодтой, уыцы «тигртæ» æмæ «пантерætæ» дæр 13 пулеметы æмæ амардтой знаджы 80 салдаты æмæ афицеры бæрц. Хæстон сгуыхтдзинады тыххæй Тогызты Хъауырбегæн æвзæр

бацыд авиацимæ. Æмæ уæддæй фæстæмæ йе 'ппæт царддæр баст уыдис арвимæ. Кадрон тæхæг архайдта немыцаг номдзыд хæдтæхдзыстимæ бирæ уæлдæфон тохты æмæ дзы иу æмæ дыууæ хатты нæ фæуæлахиз. Владимир хæцыдис Райгуырæн Ирыстоны арвыл дæр, æрæппæрстой йæ Суададжы бынмæ. Банымадтой йæ мардыл. Фæлæ, уæззау фæлварæнтæн бафæразгæйæ, уый раздæхт хæстонты рæнхъытæм æмæ дарддæр дæрæн кодта знаджы. Ленины орден æмæ бирæ æндæр хæрзиуджытæ æвдисæн сты æрыдойнаг тæхæг Сæнджиаты Владимиры намысы хæстон хъуыддæгтæн. Уый абон дæр, бахæлæггæнæн кæмæ нс, ахæм хъару æмæ арæхстдзинадимæ хъомыл кæны æрыгон патриотты.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты историйы æмбисонды сыф ныффыста номдзыд советон хæстон разамонæг, ирон адæмы намысджын хъæбул, Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыр, Маншолы Адæмон Республикæйы Хъæбатыр, æфсады инæлар Плиты Иссæ Аликсандры фырт. Уый команды кодта, Советон Цæдисы æппæт нациты минæвæрттæ кæм тох кодтой, ахæм бæхджын æфсады корпустæн æмæ бæхджын-механизацигонд къордтæн.

Плийы-фырты гвардионтæ хъæбатырæй тох кодтой знагимæ Мæскыйы æмæ Сталинграды бынмæ. Сталинграды бынмæ 6-æм немыцаг æфсад дæрæнгонд куы 'рцыд, уæд Гитлер уый номæй схуыдта инæлар- булкъон Холлидты æфсæдты оперативон къорд, «мастиседжыты æфсад» æй схонгæйæ. Иссæ særдигæй архайдта уыцы къорд ныддæрæн кæныныл тохы дæр.

Инæлар Плийы-фырты æфсæдтæ хъæбатыр тох кодтой Смоленскы облæсты, Хуссар Украинæйы, Белоруссийы, Венгрийы, Польшæйы, Румыны, Австрийы, Чехословакийы. Советон æфсæдты хъазуатон къорд мангойлаг æфсæдтимæ иумæ Плийы-фырты разамынæг сарæзта, уый размæ кæй никуы фендæуыди, ахæм балц æдзæрæг Гобийыл, Японы Квантунаг æфсады чъылдымæ рацæгуæйæ æмæ йæ ныддæрæн кæнгойæ.

Советон Гæрзифтонг Тыхты дæс æмæ дыууиссæдз азæй фылдæры службæйы дæргъы Плиты Иссæ Аликсандры фырт рацыд намысы хæстон фæндаг салдатæй æфсæддон зылдæн командыгæнæджы онг. Мæнмæ æрхауд Плиты Иссæнмæ фембæлыны, ныхас кæныны амоид. Зæрдыл лæууы æнцон патриот - интернационалист, арф æмæ æппæтвæрсыг зонындзинæдтæ кæмæ уыд, ахæм адæймаг — [illegible] лæвæрдта дивизийæн.

Хъæбатыр Советон Æфсады рæнхъыты сыræзыдысты нæ ахæм намысджын æмзæххонтæ, куыд инæлар-лейтенанттæ, Советон Цæдисы Хъæбатыртæ Билæоныфырт, Мнацаканов, инæлар-лейтенанттæ Гацолайы-фырт, Дзоцъийы-фырт, Коцойы-фырт, Мамсыры-фырт, Огъуайы-фырт, Харебайы-фырт; инæлар-майортæ Советон Цæдисы Хъæбатыртæ Дзусыфырт, Карасев, Карсаны-фырт, Коберидзе; контр-адмирал Цæлладжы-фырт; инæлар-майортæ Бæройы-фырт, Дзылыхы-фырт, Хъæсайы-фырт, Сланы-фырт; Советон Цæдисы Хъæбатыртæ Æбайы-фырт, Бицъайы-фырт, Бондарь, Гаджийы-фырт, Дронов, Калойы-фырт, Къесайы-фырт, Козайы-фырт, Кцойы-фырт, Махъойы-фырт, Моргуайы-фырт, Окунев, Ходы-фырт, Цоколайы-фырт æмæ Райгуырæн бæстæйы дæсгай инæ хъæбатыр фырттæ. Алчидæр сæ у хицæн ныхасы аккаг, алкæмæ дæр дзы ис сæхи сгуыхтдзинæдтæ Райгуырæн бæстæйы размæ, фæлæ сæ иу кæны хæсыл нузæрдиондзинад æмæ хи адæмæн удуæлдай лæггад.

Нæ бирæ æмзæххонтæ æхсарджын тох кодтой знаджы фæсчъылдым партизанты къордты Белоруссийы æмæ Украинæйы, зæрдиагæй архайдтой Ныхлæуддзинады змæлды Франц, Голландийы, Югославийы, Грецийы, Италийы, Бельгийы зæххыл. Уыдон сты ахъаззадæй советон патриоттæ Бызыккайы-фырт, Брытъиайы-фырт, Газаны-фырт, Гуырийы-фырт, Литиченко, Мыкагъайы-фырт, Хæтæджы-фырт, Фидарыфырт æмæ æндæртæ.

Джиоты Аликсандр ссис Итайлаг Ныхлæуддзинады хъæбатыр, Гарибальдиаг Стъалы райста Пальмиро Тольяттийы къухтæй.

Нæ Райгуырæн бæстæ æдзухдæр бузныг уыдзæн советон сылгоймагæй — хæстон æмæ фæллойгæнæгæй, салдаты мад æмæ бинойнагæй, Хæсты архайдта 540 мин сылгоймаджы, Уыдонæй 150 минæй фылдæр фронты се сгуыхтдзинæдты тыххæй райстой хæстон ордентæ æмæ майдантæ, 86 систы Советон Цæдисы Хъæбатыр.

Хæсты тæккæ фыццаг бон Цæгат Ирыстоны фронтмæ афæндараст кодта цыппарссæдз чызджы. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азфысты иу æмæ дыууæ намысы сыфы нæ ныффыстой. Сылгоймæгтæ тохы бидырæй хастой цæфты, знаджы арф фæсчъылдым рæмыгътой фашистон эшелонтæ, цыдысты сгарæг æмæ хастой ахсджиаг бæрæггæнæнтæ, команды кодтой ротатæн, батальонтæн, полкътæн.

Райгуырæн бæстæйыл хъæбатыр тох кодта æртæ сыæллоны мад хуымæллæгтæ Сæлбиты Верæ. Ныфс-фыстой: «Советон Цæдисы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты немыцаг -фашистон лæбурджыты ныхмæ Цæгат Ирыстоны фæллойгæнджытæ, куыд социалистон Райгуырæн бæстæйы иузæрдион патриоттæ, афтæ Советон Цæдисы æппæт адæмтимæ иумæ сæ риуыæмбæрц слæууыдысты нæ Фыдыбæстæйы сæрибарад æмæ хæдбардзинад бахъахъхъæнынмæ. Ирыстоны хъæбултæ гитлерон тыхистгæнджыты ныхмæ тохы сæхи равдыстой хъæбатыр æмæ æхсарджынæй».

Уæлахизы сахат хæстæгдæр кæнгæйæ, удуæлдайæ фæллой кодтой хæсты фыццаг бонтæй фæстæмæ республикæйы куыдзытæ, колхозонтæ, интеллигенци, сылгоймæгтæ æмæ кæстæр фæсивæд.

Горæты куыдзытæ сарæз той æмæ фронтæн арвыстой 17 мин минометы, 50 мин минæйы, 164 мин сармадзаны нæмыджы, 114 мин гранаты, бирæ авиабомбæтæ, танкты ныхмæ хæцæн фæрæзтæ, судзгæ эмæстджыт æвгтæ. Заводты цалцæг кодтой танктæ æмæ бронепоездтæ, скъолаты, ахуыргæнæндæтты æмæ кусæндæтты хуыздæр бæстыхæйтты арæзт æрцыдысты æфсæддон госпиталтæ.

Фæллойадон хъæбатырдзинадæй сæхи фæзминагæй равдыстой «Электроцинчы» кусджытæ. 1942 азы июлы заводы коллективæн лæвæрд æрцыд Хъахъхъæнынады Паддзахадон Комитеты цæуæг Сырх тырыса, ССР Цæдæссы Сæйраг Советы Президиумы 1942 азы 25 июлы Указмæ гæсгæ та — Фæллойадон Сырх Тырысайы орден.

Хъæбатыр фæллой кодтой С. М. Кировы номыл вагæттæ цалцæггæнæн заводы, «Стеклотарæ»-йы, хуыйæн фабричы æмæ иннæ кусты-уæтты, ахуыргæнæндæтты, кусæндæтты æмæ организацийы коллективтæ.

Хъæдгæройнаг Таббæхсæйты Мисурæты бафæзмгæйæ, дæсгай чызджытæ, фронтмæ ацæуæг механизаторты раивгæйæ, сбадтысты трактортыл. Бирæтæ дзы сæ хъæбатыр кусты тыххæй райстой хицауадон хæрзиуджытæ. Мисурæтæн йæхицæн лæвæрд æрцыд Ленины орден. Уый ма хæсты фæстæ бирæ азты дæргъы фæкуыста трактортыл.

Цæгат Ирыстоны фæллойгæнджытæ хъахъхъæнынады фондмæ бахастой сæхи æхцайæ 108 милуан сомæй фылдæр, æрæмбырд кодтой æмæ фронтмæ арвыстой 747 мин хъарм дзаумайы. Фæллойгæнджыты фæрæзтæй арæзт æмæ хæцæг æфсадæн лæвæрд æрцыдысты танкджын колоннæ «Цæгат Ирыстоны колхозон», хæстон хæдтæхдзыты эскадрилитæ «Владикавказ хъахъхъæнæг», «Социалистон Ирыстон» æмæ «Цæгат Ирыстоны фæскомцæдисон». С. М. Кировы номыл мыггагмæ чи лæудзæн республикæйы сфæлдыстадон интеллигенцийы уыцы сæдæгай иннæ минæвæрттæ дæр — нывгæнджыты музыканты, журналисттæ.

Хъæбатырдзинады уæлдæр скъола, Фыдыбæстæмæ уарзондзинады æмæ йыл иузæрдæдзинады скъола, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæндæгтыл ацыдысты ахуыргæнæг фæсивæдæн зондамонджытæ, республикæйы сæйраг горæты уæлдæр скъолаты ахсджиагдæр ахуыргæндтæ Глеб Николайы фырт Александров, Гноты Михаил Ильяйы фырт, Сотаты Наурыз Фадейы фырт, Муминат Алибечы чызг Тахо-Годи, Бутаты Георги Михаилы фырт, Хетæгкаты Георги Василийы фырт, Арон Михаилы фырт Давитсон, Мерденты Хъазыбег Хъасболаты фырт, Хоранты Æмзор Хатуйы фырт, Цорионты Барис Ибрæгимы фырт, Федор Федоры фырт Огиенко, Владимир Александры фырт Кузнецов. Бирæтæ дзы ныр дæр кусынц рухсады, фæсивæды патриотизмы, интернационализмы, нæ Райгуырæн бæстæйы иузæрдиондзинады уагыл хъомыл кæнгæйæ.

Фыдыбæстæйаг хæдтæхджыты арæзтадмæ стыр хай бахаста ССР Цæдисы Паддзахадон премийы лауреат сæрмагонд аппаратты куыстады хуымæллæггаг Куыдзаты Харитон. Уый комкоммæйы техникон разамындæй проекттæ арæзт æмæ кусæнгæрæтæй ифтонггонд æрцыдысты фыдыбæстæйаг гидрохæдтæхдзыттæ М-10, БЭ-6, «Чайка», адæмласæн хæдтæхæг бынæттон уæлдæфон фæндæгтæн БЭ-30.

1942 азы гитлерон командыгæныйнад бавнæлдта Кавказ бацахсыны пълантæ æххæст кæнынмæ. Кавказ бацахсыныл знаг йæ æвæрдæ дардта дардмæ цæуæг хæстон-политикон, экономикон æмæ стратегион нысантыл.

Кавказы адæмты сæрмæ сæвзæрд сцагъар уæвыны æмæ цагъды фæуыны тасдзинад. Æмæ уыцы тызмæг азты хæххон бæстæ сæ риутæй бахъахъхъæнынмæ сыстадысты советон хæстонтæ, советон адæмты æппæт æфсымæрон биноны фыртæ.

Цæгат Ирыстоны арæнтæ хъахъхъæдтой Цæгат-Кавказаг, уый фæстæ та Фæскавказаг фронты æфсæдтæ. Республикæйы сæйраг горæт Орджоникидзейы (Владикавказы) хъахъхъæнынад фæтыхджындзинæдтыл тыххæй арæзт æрцыд Мидхъуыддæгты Адæмон Комиссарады дивизи. Хъахъхъæнæн бынæттæ бацахстой 9-æм æфсады 11-æм æмæ 19-æм гвардион фистæг корпустæ, 319-æм фистæг дивизи. Арвыкомы фæндаг хъахъхъæдтой 276-æм фистæг дивизи æмæ минерты гвардион хæйттæ. Орджоникидземæ бацæуæнты бынæттæ бацахстой адæмон ополченцытæ æмæ истребителон батальонтæ. Республикæйы зæххæй знаг цы хай бацахста, уым фыццаг рæнхъытæм 30 мин адæймагæй фылдæр. Сæйраг горæтмæ æрбацæуæнты арæзт æрцыд бирæ хæцæн бынæттæ, 20 километры танктæн цæлхдур дзыхъхъытæ, 5 аэродромы.

1942 азы сентябры кæронмæ гитлерон командыгæныйнад фæтыхджындзинæдтæ кодта йæ хъазуатон танкджын æфсад Æрджынарæджы хъахъхъæныйнад батоныны æмæ горæт Орджоникидземæ бирвæзыны тыххæй. Советон хæстонтæ Елхоты бынмæ бирæ бонты хæстыты мæлæтдзаг тох фæкодтой æмæ не 'рбауагътой знаджы.

Ам фæсыкы уæвгæйæ, гитлеронтæ сфæнд кодтой размæбырст фронты æндæр хæйттыл рапарахат кæнын. Сæ къухы бафтыд Цыколайы — Алагиры — Майрæмададжы — Дзуарыхъæуы — Джызæлы районы размæ бабырсын. Карз хæстытæ рапарахат сты станицæ Æрхонкæйы раз æмæ горæт Орджоникидземæ хæстæг бацæуæнты. Горæтыл уæззау цæфтæ цыдис уæлдæфæй æмæ сармадзанты æхстæй. Танкты бырстытæ арæзт цыдысты иу иннæйы фæдыл, фæлæ сын Теркыл горæты хъахъхъæнджытæ æнтыстджынæй ныхкъуырд лæвæрдтой.

Цалдæр боны дæргъы знаджы авиации Орджоникидземæ бакодта стыр къордтæй 250 батахтæй фылдæр æмæ æрæппæрста 1600 авиабомбæйæ фылдæр. Нæ республикæйы сæйраг горæтæн ссис мæлæтдзаг тас. Немыцаг салдæттæ æмæ афицертæ цингæнгæ хъусын кодтой сæ бинонтæн, радон писмотæ æмæ посылкæтæ давд хæзнатимæ кæй арвитдзысты йæ уæрджытыл æрлæууæр Владикавказæй. Фæлæ гитлероны цин дзæгъæлы уыдис. Джызæлы бынмæ хæстытæ кæй фæуыргъуыйау кодтой, уыцы немыцаг инæлар-танкджын дивизийы командир, лæгъстæ кодта йæ салдæттæ æмæ афицертæн: «Нæ мæ уырны уый, æмæ, германаг империйы герб кæуыл нс, уыцы танкты бон ма уа иу цыдæр хъæу райсын...» Знаг горæты бынмæ æрбалæрста дыууæ танкджын дивизийы, хæххон фистæг дивизи, сæрмагонд полкъ «Бранденбург» æмæ æндæр хæйттæ. Размæбырстæн æххуыс кодтой авиацийы егъау тыхтæ. Джызæлы æмæ горæт Орджоникидзейы 'хсæн дыууæ-ты 'рдыгæй хæцыдысты 75 мин салдат æмæ афицеры бæрц. Хъæддых тугкалæн хъахъхъæнынадон хæстыты фæстæ не 'фсæдтæ абырстой размæ.

Æппæты зæрдыл дæр ма лæууы 1942 азы 19 ноябры Совинформбюройы историон хъусынгæнинаг. Уым загъд уыдис, Владикавказмæ (гор, Орджоникидземæ) бацæуæнты бирæ бонты хæстытæ кæй ахицæн сты немыцаг-ты бынтон дæрæнæй. Уыцы хæстыты мах æфсæдтæ ныффалгæрон кодтой 13-æм немыцаг танкджын дивизи, полкъ

Бирæ хъæбатыр сгуыхтдзинæдтæ æвдыст æрцыд, бирæ æрдхæрæны нæмттæ сæвзæрд Ирыстоныл æмæ йæ сæйраг горæтыл тохты. Мах адæм стыр кад кæнынц Советон Цæдисы Хъæбатыртæ Петр Барбашовæн æмæ Петр Гужвинæн, уыдон сæ риутæй бамбæрзтой знаджы дзоттæ æмæ сæ царды хардзæй фадат радтой хæстон хæс æнтыстджынæн сæххæст кæнынæн. Зæрдæ тынг рисгæйæ, мах мысæм, «Фашисттæ не 'рбацæудзысты!», зæгъгæ, уыцы ардхæрды ныхæстимæ тынг цæф курсант Ракип Газизов дæндæгтæй гранаты рæмудзæн куыд стыдта æмæ фæстаг тыхтæ æрбамбырд кæнгæйæ, кемыцаг танкыл йæхи куыд баппæрста, уыцы æрдхæрæны ныхæстимæ мæлæтдзаг атакæйы хъаспийаг дендзыйоны æхсарджын парторг Рафаэль Коцишвили куыд фæцæй кодта, уый.

Мах нæ зæрдыл дарæм Удмуртийы хъæбатыр фырт, фæскомцæдисон Василий Шамшурины ном — уый йæ судзгæ хæдтæхæг сарæзта знаджы æфсæдты къордмæ. Уæлдæфон джигиттæ хуыдтой Ирыстоны арвыл хæцджыты, Советон Цæдисы Хъæбатыры, нæ бæстæйы алы адæмты минæвæрттæ

тæ дæр уæлахизæн раттой.

Советон Прибалтикæйы тохты хъæбатырæй фæмард гвардион фистæг корпусы командир, инæлар Цæлыкаты Хъантемыр. Ленинады бынмæ та яс совхоз «Катиево», афтæ йæ схуыдтой не 'мзæххон — Невайы ист хъахъхъæнæг дивизи комиссар Дзадтиаты Дзутрийы кадæн. Лæгдзинæмæ стыр хæстон арæхстдзинад равдыста Курскы дугæлтыл тохы батарейы командир, гвардийы хистæр сержант Тогызты Хъауырбег. Уый цы сармадзанæн у команды кодта, уымæй ныддæрæн кодтой 8 танчы æмæ хæдцæугæ сармадзаны, уымæ, æппæлæнты бын кæй фæкодтой, уыцы «тигртæ» æмæ «пантерæтæе» дæр, 13 пулеметы æмæ амардтой знаджы 80 салдаты æмæ афицеры бæрц. Хæстон сгуыхтдзинады тыххæй Тогызты Хъауырбегæн лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Василий Коняхиныл 18 азы дæр цæма сæххæст, фронтмæ куы ацыд, уæд, йæхи равдыста хъæбатыр хæстонæй, ссис Советон Цæдисы Хъæбатыр. Хъазахъхъар æфсæддон зылд «Владикавказ»-ы атаман уæвгæйæ, уый ныр дæр æнцад нæ бады, кæны стыр æхсæнадон кусыт, бирæ тыхтæ хардз кæны фæсивæды хæстон-патриотон хъомыладыл.

Олег æрзæт къахы 318-æм блочы. Уый хъæздыг у хæрзхъæд æрзæты æвæрæнтæй. Уыцы æрзæт ракъахыл æмæ йæ афоныл æрзæтыссæн фабрикыл сæмбæлын кæнын у стыр ахсджиаг хъуыддаг. Уый хорз æмбары Дзобайы-фырт æмæ йе 'мбал Гæбуты Эльбрусмæ алы сменæйы дæргъы дæр æрзæт æркъахы æмæ блокæй радæтты хæслæвæрдæй дæс-фынддæс тоннæйы фылдæр. О, æцæг коммунист у Дзобаты Олег. Иæ нузæрдион фæллойæ, уæлдæр кæны партийы кад.

СОЗÆТЫ Андрей,
газет «Садонский шахтер»-ы редактор.

КЪАМЫ: ДЗОБАТЫ Олег

Дзобаты Олег йæ фыд Куыдзайы хуызæн райрæзт фæллойуарзаг, адæмимæ, æмгæрттимæ æнгом цæрæг æмæ хæрзæфсарм адæймагæй. Иæхи зонынхъом куы фæци, уæдæй фæстæмæ фидар къахдзæфтæй, цæуы фæллойы фæндагыл. Иæ æрыгон тыхтыл нæ ауæрдгæйæ, архайы

цæттæ у шахтæмæ ныххизынмæ.

ЦЫ УАЙСАДÆМ КÆРÆДЗИМÆ

ЦÆМÆЙ НÆ ДÆН АРАЗИ

Мæ дзубанди æй нæ царди медæгæ Коммунистон партий разамундæттæг бунати туххæй. Коммунистон парти, советон цардарæзти бундорæвæрæг, аразæг æма федарнæг, кæдæй нурмæ нæбал бæззуй разамуддæттæг хъауræн? Кæд Ленини арæзт партий фæрци Уæрæсей адæм фæууæлахиз æнцæ Октябри революций доги бонгинтæ æма тогъиртæбæл, кæд уой фæсте рæстæг зин гъуддæгтæ компартий разамундæй æма адæми тухи фæрци æнхæстгонд æрцудæнцæ, уæд? Мадта ка бандеудзæнæй уотæ зæгъун, æма парти неци агъаз адтæй. Фидибæсти Устур тугъди фæууæлахиз æн, уой фæсте цубур рæстæгмæ цард æ къахбæл ислæууын кæнунæн?

Мæнмæ гæсгæ, парти адтæй æма уодзæнæй советон адæмæн сæ разамонæг æма фæррæдуйдзинаг, уобæл нæ къох ку исесæн, уæд.

Кæд нæ царди рæстæгми ести зиндзинæдтæ фæззиндтæй нæхе хомухдзинади фудæй, уæд уой еутур партий рагъмæ гæлдзун нæ гъæуй, уой рæуонæ кæнун нæ гъæуй.

Гъо, æз арази дæн, партий райразун ке гъæуй, уобæл. Гъæуй æй, Ленини рæстæги куд адтæй, уотæ иснæуæг кæнун. Гъæуй æй æхе искæдзос кæнун. Æ хъауритæбæл баууæндун. Сæйраг нисантæбæл тохи æ еудзинадæ ниффедар кæнун.

Марксизм-ленинизм нимад æй, коммунизммæ над ка амонуй, уæхæн ахурадæбæл. Нуртæккæ еци ахурадæй фæрсæрдæмæ цума хезæн, уотæ мæмæ кæсуй. Уомæн æма имæ не 'ргом раздæрау бундоронæй нæбал æздахæн. Цума æй лæмбунæг нæбал ахур кæнæн, уотæ мæмæ кæсуй. Æма уомæ гæсгæ нæ доги царди устур рæдудтитæ æруадзынæй тас æй.

Фæндуй мæ, нæ царди ци устур æйивддзинæдтæ цæуй. уонæмæ мæ цæстæнгаси туххæй зæгъун. Фæстаг дууæлæртæ анзи нæ Цæдеси бæрæ рауæнти карзæй-карздæр кæцунцæ адæмихæттити 'хсæн рахастдзинæдтæ, Гъуддаг хатгай æрцæуй тог никалуни уæнгæ. Ке зæгъун æй гъæуй, уомæн бæрæ анхосæгтæ ес. Цард ку фæззиндæр уй, уæд бинонтæ гъæуама кæрæдзæбæл федардæр хуæцонцæ, æндæра бинонтæ нæ хундзæнæнцæ. Кæрæдзей цæгъдун ку райдайæн, заводтæ, æфсæнфæндæгтæ ку æрлæууын кæнæн, уæд гъæздугдæр исодзинаг? Нæ, уавæр фуддæрмæ æрцæудзæнæй.

Фæстаг рæстæги нæмæ сæ сæртæ исдардтонцæ экстремистон тухтæ. Сæ нихмæ федар закъонти бундорбæл карз тох нæ цæуй. Æгæр фæлмæн къохæй сæмæ æвналæн, Æма хъæбæр карз æфхуæрд нæ баййафдзинаг, зæгъгæ, сæ 'рухтæ исуагътонцæ. Адæми уадзынцæ тасдзинадæ. Ами сæйраг анхосаг, мæнмæ гæсгæ, æй, нæ закъонтæ æгæр фæлмæнзæрдæ ке 'нцæ, барадæ гъæуайгæнæг оргæнтæ сæ бартæй æнхæстæй ке нæ пайда кæнунцæ æма æхсæнадæ æмхузонæй сæ нихмæ ке нæма испастадæй, йе.

Кадæр æ курæт ниффæлдадта æхснунмæ, иннæ ба уомæ гæсгæ — æ къæредæ. Махбæл дæр уонн цау цæуй, кооперативтæ, аренди къуæрттæ аразунбæл ке фæццалх ан, уомæй. Махмæ ци кооперативтæ æма арендатортæ фæззиндтæй, етæ идард æнцæ сæ æцæг нисанеуæгæй. Социалистон арендатортæ æма кооператортæн сæ архайд бунтон сæхе барæ гъæуама ма уа. Паддзахадæ син сæ куст бæрцæбæл араза налогти фæрци. Нæ кооперативтæн ба сæ фулдæр дзаг мулк аласта Ирыстонæй, йæ æхцайæн та, дам, нынкæнæн дæр нæ уыд. Чи зоны, æмæ æцæг у.

Партийы обкомы дыккаг секретартæ æрцæуæггæгтæ уыдысты. Кæрæдзи ивтой. Чи-ну куыд схъæздыг, афтæ «лыгъдис» республикæйæ. Афтидæй кæм цыдаиккой. Афтæ арæх ивд цæуынц республикæйы мидхъуыддæгты министртæ дæр.

Фесты районты партион конференцитæ. Алагиры, Мæздæджы, Рахизфарсы, Горæтгæроны, Промышленнон райкомты фыццаг секретартæй æвзæрст æрцыдысты ног адæймæгтæ. Цæмæн, цæй тыххæй æрцыдысты уæгъдгонд раздæры «фыццæгтæ»? Æвæццæгæн, нæ сарæхстысты, æруагътой рæдыдтытæ. Фæлæ уый тыхххæй адæм ницы зонынц. Сæ хорз куысты тыхххæй сæ не суæгъд кодтаиккой. Æмæ кæд афтæ у, уæд сæ æндæр бæрнон бынæтты — министрты хæдивджытæ, колхозы сæрдартæ — цæмæн æвæрынц, æви уымыты кусын нæ хъæуы?

Фæстаг рæстæджы газеттæ цæмæндæр нал мыхуыр кæнынц адæмон контролы фæрстæ. Æви нæ цард афтæ фæфæлдæхт, æмæ дзы дæвдтытæ, куыстытæ фылдæртыл фыссыны цаутæ нал ис.

Хæдзарадон разамонджытæй бирæтæ ист æрцæуынц сæ бынæттæй алыхуызон негативон хъуыддæгты тыххæй. Адæм дис фæкæнынц, фæлæ хабæрттæн бæлвырдæй ницы фæзонынц.

Партийы Центрон Комитет æмæ ССР Цæдисы Министрты Совет фехъусын кодтой, сæ бюджетты тыххæй. Сæ дачатæй бирæ суæгъд кодтой. Цас сты партийы Цæгат Ирыстоны обкомы, республикæйы Министрты Советы бюджеттæ та? Сæ куысдытæ æрæгæй фæстæмæ стыр мызд исын райдыдтой, стæй-ма иуæй-ну льготатæй кæй пайда кæныц, уый адæм зоныц. Афтæмæй бæстæйы арæзт цæуы демократон социализм. Алкæмæн дæр, дам, хъуамæ мызд фыст цæуа йæ фæллоймæ гæсгæ. Ау, партион æмæ советон оргæнты кусджытæ æхсæвæй бонмæ дыууæ хатты фылдæр райдыдтой фæллой кæнын?

Дзурынц, фæкъаддæр, дам, сты аппаратты кусджыты нымæц. Колхозтæ æмæ совхозты, хъæуты фенхъæлмæ кæсынц, уæдæ нæм горæтæй специалисттæ æрцæудзæн, зæгъгæ. Фæлæ та рацæй-рабон вæййы, æмæ чи рауæрæд, уыдонæн æндæр рæтты разамонæджы хъарм бынæттæ ссарынц. Уый у къамтæ цæгъдæгау, сцæгъдынц сæ, фæлæ къам иннæтæй нæ вæййы.

Гъе уыцы митæ нæ цæуынц адæмы зæрдæмæ. Ахæм хъуыддæгтæй хауы дæлæмæ партийы, йæ æвзаргæ оргæнты æмæ аппаратты кад. Мах æууæндæм, облæстон партион конференци æххæст æргомдзинадмæ раздахдзæн йе 'ргом.

СÆХÆГКАТЫ Т.

Ныр фонда азы дæргъы хъæддыхæй дзураем æргомдзинады тыххæй. О, уый адæмы æхсызгон хъæуы. Къаддæр уыдзысты сусу-бусутæ, дам-думтæ. Хъыгагæн, нæ республикæйы æххæст æргомдзинад нæма ныффидар. Дзыллон информацийы фæрæзтæ сты хицауыгæр партион, советон оргæнты къухы æмæ, куыд фæзæгъынц, сæ «дзыхы дон ис». Газеттæ, радио æмæ телеуынынад æргом æмæ æххæстæй нæ хъусын кæнынц хабæрттæ.

Зæгъæм, партийы Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг секретарь уыд В. Е. Одинцов. Нæ къахфындзтыл лæууыдыстæм йæ цуры, йæ алы фезмæлды, йæ алы «зынаргъ» амынддзинæдты тыххæй фыстой республикон газеттæ. Цы сарæзта адæмæн хорзæй? Обкомы кусджыты фæхицæн кодта адæмæй æмæ сæ æрцæрын кодта, аргъæуттыл цы галуанты кой фæкæнынц, ахæмы. Уæд партийы обкомы кусджытæ цæрæнуæттæ хъуаг уыдысты, мингай фæллойгæнджыты хуыздæр хæлддзаг хæдзæрттыл æмæ ныккæндты цардысты, уаргæ сыл кодта? Цæмæн æрцыд арæзт партийы обкомæн ног агъуыст? Сæрибары фæзы йын чи ис, уый нал бæззыд? Арфæгонд фæуæд Дзасохы-фырт, партийы обком æрбаивта раздæры агъуыстмæ.

В. Одинцовы систой. Цæмæн, цæй тыххæй? Адæмæн ничи ницы фехъусын кодта. Адæмы 'хсæн цæуы ахæм ныхас, зæгъгæ, дам, æфсæнвæндагджы дыууæ вагоны

ÆНУСТÆМ — МЫСИНАГ

Нырма иуæндæс сахатмæ дзæвгар хъуыд, фæлæ рог машинæтæ æмæ автобустæ Алагиры, Æрыдоны, Дыгуры районты хъæууæй æмæ республикæйы сæйраг горæт Орджоникидзейæ ныххал сты Ставд-Дуртæм фæндагыл. Сыгъзæрин хур, цыма ацы бонмæ рагæй æнхъæлмæ каст, афтæ зæхх йæ хъарм тынтæй байдзаг кодта. Рæстæгай-рæстæгмæ-иу йæ тынтæ сæрттывтой. Ставд-Дуртæм бацæуæны бæрзонд обауыл ацы хъæуы æдзард хæстонтæн цы цыртдзæвæн сæвæрдтой, уый тигъты.

Уæлахизы цытджын бон обауы размæ æрæмбырд сты урссæр зæронд лæгтæ æмæ устытæ, фæсивæд æмæ сабитæ. Бирæ сабитæ.

Ардæм сæ зæрбахуыдта æрмæст иу хæс — цæмæй бузныг æмæ «рухсаг» загътаикой, абоны рæсугъд царды сæрвæлтау се 'взонг удтæ чи нæ бавгъау кодта, уыдонæн.

Хæсты райдайæны Кировы районæй се уæхсчытыл цинелтæ æрбакодтой 3500 æрыгон læппуйы. Уыдонæй 355 уыдысты Ставд-Дуртæй, 214 хæстоны нал сыздæхтысты сæ райгуырæн хъæумæ, æрмæст ма сын дымгæ схаста сæ хъæбатырдзинæдты заранг. Æнустæм рох нæ уыдзысты Джыккайты æфсымæртæ Граф, Гаврил, Михал æмæ Дудайы ,Ногъайты æфсымæртæ Франц, Лагр æмæ Мысосты, Токаты æфсымæртæ Михал, Харбе æмæ Никъалайы, Золойты Солтан, Сергей æмæ Михалы, Мæрзаты Дзыба, Мырзахъул æмæ Тотрадзы, Виталий Дмитриевы сгуыхтдзинæдтæ... Цыртдзæвæныл — хъæуæй чи фесæфт, уыдоны номхыгъд. Уыдонæй фæйнæ авды — Æлбегаты, Дауиаты æмæ Хохты мыггæгтæй, фæйнæ æхсæзы — Бæдтиатæй, Черчестæй, Калотæй, фондз — Таболтæй...

Адæм сæ зæрдыл дарынц æмæ стыр кад кæныиц ставддуртаг хæстонтæ Зæнджиаты Газаик, Дзугкойты Осмæн, Даунаты Мырзабег, Реуазты Агуыбе, Мæхъиты Георги æмæ бирæ æндæртæн. Уыдон ныр дæр зæрдиагæй архайынц нæ абоны цардарæзтыл.

Райгуырæн бæстæйы арв хъæбатырæй хъахъхъæдта тæхæг-фæлварæг Токаты Æхсарбег. Бирæ хæттыты архайдта знагимæ уæлдæфон тохты æмæ-ну кæддæриддæр радыл уæлахизимæ. Æхсарбег фæмард сабыр царды рæстæг хæдтæхæджы ног хуыз фæлварæгæй.

Стыр æхсар æмæ арæхстдзинад равдыста хæсты Цогойты Æхсарбег. Уымæн ирд æвдисæн — йæ риуæй тæмæнтæ цы бирæ ордентæ æмæ майдантæ калынц, уыдон.

Хæсты рæстæг ставддуртаг æфсæддонтæ равдыстой æвæджиауы лæгдзинад æмæ хъæбатырдинад.

Фæлæ уыцы бон адæм æрæмбырд сты обауы размæ хæсты быдырæй чи нал сыздæхт, æнустæм æрыгонæй чи баззад, уыдоны æрымысыны тыххæй...

Кадджын уавæры раздæры хæстонтæ Мæхъиты Г., Хъазиты Н., Кодзырты Х. æмæ Зæнджиаты В. алыг кодтой лейт. Ставд-Дуртæй хæсты быдыры чи фесæфт, уыдоны номыл цыртдзæвæн байгом... Хъуысы Советон Цæдисы Гимн. Цыртдзæвæныл дидинджытæ сæвæрдтой районты минæвæрттæ.

Иу инæйы фæдыл цæуынц микрофонмæ Ставд-Дурты хъæуæххæстжомы сæрдар Пагаты М., хæсты ветерантæ Цогойты А., Кодзырты Х., Зæнджиаты В., СЦКП-йы Кировы райкомы фыццаг секретарь Каджаты Т., хæсты цæхæры йæ дыууæ хъæбулы кæмæн фесæфт, уый — Фæрнаты З., Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы сæрдары фыццаг хæдивæг Бирæгъты Ю., æхсæнады минæвар Цогойты Х., цыртдзæвæны автортæй иу, завод «Электроцинчы» директор Ходы Н., хъæууон скъола каст фæуæг Захъаты Т. Уыдон дзырдтой, цыртдзæвæнæн цы стыр ахадындзинад ис, уый тыххæй...

Цыртдзæвæн гом кæнгæйæ ма уым уыдысты СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы секретарь Таболты С., ФÆЛКЦ-йы обкомы фыццаг секретарь Зæнджиаты Ч., Кировы райæххæстжомы сæрдар Дзгойты Къ. Ставд-Дуртæм æрцыдысты отставкæйы инæлар-лейтенант Гацолаты В., отставкæйы инæлар-майор Цæллагты Б. æмæ æндæртæ.

...Сræмыгъды хуызæн Ставд-Дуртæм бацæуæны лæууы цыртдзæвæн. Æвдыст дзы цæуы, йæ Райгуырæн бæстæ бахъахъхъæнынмæ кæддæриддæр цæттæ чи у, уыцы адæмы сурæт. Цыртдзæвæны раз æрбацæуæг адæм «рухсаг» загътой æдзард хæстонтæн.

Цыртдзæвæн арæзт æрцыд республикæйы бирæ организацитæ, стæй иугай адæймæгты фæрæзтæй.

ГУЫРИАТЫ А.
КЪАМТЫ: цыртдзæвæн; ныхас кæны партийы Кировы райкомы фыццаг секретарь Каджаты Т., дидинджытæ æвæрынц цыртдзæвæныл.
КЪÆБЫСТЫ Харитоны нст къамтæ.

АРФÆЙАГ УÆНТ

Горæт Орджоникидзейы Пушкины уынджы 56-æм хойраджы продуктты дукани байгом æхсæрдæс азы размæ. Уыцы рæстæг ам бирæ хицæуттæ æмæ дуканигæстæ ивд æрцыд. Цæмæн куы фæрсат, уæд дукани никуы уыд сыгъдæг, æфснайд. Æдзухдæр залы рагъамæдтытæй лæууыдысты зæронд хъæдын асыччытæ. Куыд æмбæлы, афтæ æвæрд никуы уыдысты продукттæ. Уымæй уæлдай хицауæй, уæйгæнæгæй æлхæнджытæм дзырдтой тыхмæгæй. Сайгæ чи кодта, ахæмтæ дæр дзы уыд.

Кæй зæгъын æй хъæуы, хорздзинад уыныи хъæуы Хуыцау хорз ракодта æмæ нæ дуканимæ хицауæй æрвыст æрцыд Махъоты Людмилæ. Цалдæр азы кусы æмæ дукани æндæрхуызон фæци.

Махъоты Людмилæ базарады кусы иу æмæ ссæдз азы, ис æм хорз фæлтæрдзинад. Дуканийы коллектив алы мæй дæр товарты зилдухы пълан æххæст кæны уæлдайджынтæй.

Зæгъын ма мæ фæнды дуканийы хистæр уæйгæнæг Кодзырты—Гуыбиаты Ритæйы тыххæй дæр. Иæхицæй хæдæфсармдæр бирæ нæй. Ныр дæс азы бæрц кусы ацы дуканийы. Æмæ зул ныхас никуы никæмæ скодта, алкæмæ дæр дзуры фæлмæн. Æлхæнджытæй никуыма ничи загъта. Ритæ мын раст не сбарста, кæнæ раст нæ банымадта, зæгъгæ. Уæлдай хорздзинад та ма уый у æмæ, фылдæр æлхæнджыты цæсгомæй зоны. Рынчын чи у, чысыл сывæллон кæмæ ис æмæ йæ бон дуканимæ æрбацæуын кæмæн нæу, уыдон дзы рох нæ вæййынц. Бирæ хæттыты сын Ритæ суанг сæ хæдзæрттæм æхсыр ахæссы, кæнæ та нскæмæн арвиты.

БАСКАТЫ Т.,
фæллойы ветеран.

ТЕЛЕУЫНЫНАД

БЫНÆТТОН

ПРОГРАММÆ

11 МАЙ,

МАЙРÆМБОН

17.00 — Ирыстон абон. 17.20 — «Зæрдæйы цин». Хæдахуыр композиторты сфæлдыстад. 18.05 — «Природы дар бесценный». Телекиноныв. 18.25 — Рекламæ. 18.30 — «Сымах уарзут уæ горæт?». 19.00 — Ирон æвзаджы урок. 19.15 — Ирыстон абон. 19.45 — ЦТ. «Хæрзæхсæв, сабитæ».

12 МАЙ. САБАТ

17.00 — «Уадз, азæлæд зарæг». Хъæбатырты зарджыты хоры телевизион фестиваль. 17.45 — «Райгуырæн бæстæйыл». «Неизвестная Бухара». Телекиноныв. 18.05 — Рекламæ: 18.10 — «Па дак-сьон». Киноныв-концерт. 18.45 — «Æрдзы домы рæвдыд». Уæлæмхасæн информацион программæ «Ирыстон абон»-мæ. 19.00 — «А-ло-лай». Аргъау. 19.15 — Ирыстон абон. 19.45 — ЦТ.

13 МАЙ.

ХУЫЦАУБОН

16.50 — «Предисловие к битве». Аивадон киноныв. 18.15 — СЦКП-йы XXVIII съезды агъоммæ, «Дзуапптæ æмæ æвзæрстытæ». Репортаж XXXIII облæстон партион конференцийæ. 19.00 — «А-ло-лай». Аргъау. 19.15 — Ирыстон абон. 20.00 — ЦТ. «Хæрзæхсæв, сабитæ».

РАДИО

БЫНÆТТОН

ПРОГРАММÆ

11 МАЙ.

МАЙРÆМБОН

7.30, 8.25 — Дæ райсом хорз, Ирыстон!. 8.55 — Республикон газеттыл афæлгæст. 18.00 — «Дур ныр дæр ма ис уым»... Ныддæргъæвтин хæсты ветераны гаражы арæзтад. 18.20 — Амилаханты И. «Алибек».

ХÆДБЫНДУР КУРДИÆТТÆ

Цæгат Ирыстоны паддзахадон музыкалон театры æрæджы æнтыстджынæй цыдис Дж. Вердийы æртæактон цыппарывон оперæ «Бал-маскарад». Уый у дунейы иууыл зынджр æмæ вазыгджындæр оперæтæй иу. Æмæ ,ысыгон хъуыддаг у, музы-ион театры артисттæ йæм ныфс кæй бахастой, æмæ сценæйыл кæй сæвæрдтой, уый. Æмæ уымæй нæ рæдыдысты. Аивадуарзты зæрдæмæ тынг фæцыс канд оркестры цагъд нæ, æлæ солисттæ — УСФСР-и сгуыхт артисттæ Билаонты Долорес — Амелия, Бæцæзаты Юрий — Ренато, Мысыкаты Азæ — Кæлæнгиаиаг æмæ оперæйы сæйраг ролы хъазæг Кочиты Хасан — Граф Ричарды архайд æмæ зард.

Оперæйы дирижер у Цæгат Ирыстоны аивæдты сгуыхт артист Бибылаты Таймураз. Æнустæм рох нæ уыдзысты Джыккайты æфсымæртæ Граф, Гаврил, Михал æмæ Дудайы ,Ногъайты æфсымæртæ Франц, Лагр æмæ Мысосты, Токаты æфсымæртæ Михал, Харбе æмæ Никъалайы, Золойты Солтан, Сергей æмæ Михалы, Мæрзаты Дзыба, Мырзахъул æмæ Тотрадзы, Виталий Дмитриевы сгуыхтдзинæдтæ... Цыртдзæвæныл — хъæуæй чи фесæфт, уыдоны номхыгъд. Уыдонæй фæйнæ авды — Æлбегаты, Дауиаты æмæ Хохты мыггæгтæй, фæйнæ æхсæзы — Бæдтиатæй, Черчестæй, Калотæй, фондз — Таболтæй...

Адæм сæ зæрдыл дарынц æмæ стыр кад кæныиц ставддуртаг хæстонтæ Зæнджиаты Газаик, Дзугкойты Осмæн, Даунаты Мырзабег, Реуазты Агуыбе, Мæхъиты Георги æмæ бирæ æндæртæн. Уыдон ныр дæр зæрдиагæй архайынц нæ абоны цардарæзтыл.

Райгуырæн бæстæйы арв хъæбатырæй хъахъхъæдта тæхæг-фæлварæг Токаты Æхсарбег. Бирæ хæттыты архайдта знагимæ уæлдæфон тохты æмæ-ну кæддæриддæр радыл уæлахизимæ. Æхсарбег фæмард сабыр царды рæстæг хæдтæхæджы ног хуыз фæлварæгæй.

Стыр æхсар æмæ арæхстдзинад равдыста хæсты Цогойты Æхсарбег. Уымæн ирд æвдисæн — йæ риуæй тæмæнтæ цы бирæ ордентæ æмæ майдантæ калынц, уыдон.

Хæсты рæстæг ставддуртаг æфсæддонтæ равдыстой æвæджиауы лæгдзинад æмæ хъæбатырдинад.

Фæлæ уыцы бон адæм æрæмбырд сты обауы размæ хæсты быдырæй чи нал сыздæхт, æнустæм æрыгонæй чи баззад, уыдоны æрымысыны тыххæй...

Кадджын уавæры раздæры хæстонтæ Мæхъиты Г., Хъазиты Н., Кодзырты Х. æмæ Зæнджиаты В. алыг кодтой лейт. Ставд-Дуртæй хæсты быдыры чи фесæфт, уыдоны номыл цыртдзæвæн байгом... Хъуысы Советон Цæдисы Гимн. Цыртдзæвæныл дидинджытæ сæвæрдтой районты минæвæрттæ.

Иу инæйы фæдыл цæуынц микрофонмæ Ставд-Дурты хъæуæххæстжомы сæрдар Пагаты М., хæсты ветерантæ Цогойты А., Кодзырты Х., Зæнджиаты В., СЦКП-йы Кировы райкомы фыццаг секретарь Каджаты Т., хæсты цæхæры йæ дыууæ хъæбулы кæмæн фесæфт, уый — Фæрнаты З., Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы сæрдары фыццаг хæдивæг Бирæгъты Ю., æхсæнады минæвар Цогойты Х., цыртдзæвæны автортæй иу, завод «Электроцинчы» директор Ходы Н., хъæууон скъола каст фæуæг Захъаты Т. Уыдон дзырдтой, цыртдзæвæнæн цы стыр ахадындзинад ис, уый тыххæй...

Цыртдзæвæн гом кæнгæйæ ма уым уыдысты СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы секретарь Таболты С., ФÆЛКЦ-йы обкомы фыццаг секретарь Зæнджиаты Ч., Кировы райæххæстжомы сæрдар Дзгойты Къ. Ставд-Дуртæм æрцыдысты отставкæйы инæлар-лейтенант Гацолаты В., отставкæйы инæлар-майор Цæллагты Б. æмæ æндæртæ.

...Сræмыгъды хуызæн Ставд-Дуртæм бацæуæны лæууы цыртдзæвæн. Æвдыст дзы цæуы, йæ Райгуырæн бæстæ бахъахъхъæнынмæ кæддæриддæр цæттæ чи у, уыцы адæмы сурæт. Цыртдзæвæны раз æрбацæуæг адæм «рухсаг» загътой æдзард хæстонтæн.

Цыртдзæвæн арæзт æрцыд республикæйы бирæ организацитæ, стæй иугай адæймæгты фæрæзтæй.

ГУЫРИАТЫ А.
КЪАМТЫ: цыртдзæвæн; ныхас кæны партийы Кировы райкомы фыццаг секретарь Каджаты Т., дидинджытæ æвæрынц цыртдзæвæныл.
КЪÆБЫСТЫ Харитоны нст къамтæ.

Спорт ГЪЕ, АФТÆ, «СПАРТАК»!

«СПАРТАК» — «НЕФТЧИ» — 4:0

Футболæй СССР Цæдисы чемпионатты уæлдæр къорды архайгæйæ æртæ æмæ ссæдз азы дæргъы чи сфæлтæрдта, ахæм коллектив у Бакуйы футболон командæ «Нефтчи». Бирæ номдзыд футболисттæ схъомыл кодта уыцы клуб. Хистæр кары спортуараджыты зæрдыл ма цырттæнкæ дæр хорз лæууынц. Сæ цæстытыл ауагьы Кузнецов, Маркаров, Банишевский, Туаты Хъазыбег, Шевченко, Стекольников æмæ инæты арæхстджын хъазт. Командæ ныртæккæ дæр цух нæу курдиатджын футболисттæй. Коллективы фылдæр хай сты, цалдæргай азты уæлдæр къорды æнтыстджынæй чи хъазыд, уыцы фæсивæд, уыдон хоны йæ сæйрагдæр ныфс ногæй уæлдæр къордмæ схизыныл тохы. Уый та ныртæккæ азæрнæе, фæлæ йæ хъарутæ, йæ арæхстдзинæдтæ. Командæ охъастæй-хъазтмæ хъомысджындæр, хæстхъомдæр кæны. Сарæхстыты та нæ læппутæ æндæрæбон дæр сæ тыхджын ныхмæлæууæгæн йæ фæндтæ фæсыкк кæнынмæ.

Хъазт нæма райдыдта, афтæмæй стадионы уæзæг футболуараджыты минут æнæдзургæйæ лæууæйæ ссардтой номдзыд богал, дунейы æмæ Европæйы цалдæр хатты чемпион Хæдарцаты Асланы рухс ном.

Æмæ райдыдта хъазт, уазджыты уæндон ныббырстæн карздæр æмæ арæхстджындæр ныббырстытæй дзуапп лæвæрдтой нæ læппутæ. Цыдис ерыстыл фæндзæм минут. Нæ командæйы разæбырсджытæ «Нефтчи» ... иварон æрхæндæгтæ кодтой, фæлæ сæ æвзæрстой. Уазджыты дуармæ — 4:0. Иттæг хорз фадат уыдис Тедеты læппуйæн хъазты кæронмæ 'ввахс æртыккаг пурти бакъуырынæн дæр, лæгæй-лæгмæ та рацыд уазджыты дуаргæсимæ, фæлæ ацы хатт пурти хъамæ нæ бахауд. Хъазт ахицæн спартаконты уæлахизæй 4:0 хъæздыг.

Уыцы бон фыццаг къорды командæтæ ахъазыдысты афтæ: «Тирас» — «Таврия» — 0:0, «Пахтакор» — «Ростсельмаш» — 2:1, «Кайрат» — «Динамо» Ст. — 4:1, «Локомотив» М. — «Факел» — 2:0, «Кузбасс» — «Локомотив» Г. — 0:0, «Геолог» — «Металлург» — 0:0, «Шинник» — «Нистру» — 4:1, «Котайк» — «Зенит» — 0:0.

Ныр «Спартак» дыууæ хъазты кæндзæн уазæгуаты «Металлург» æмæ «Нистру» джытæ сæ иварон фæзмæ хæстæг фехæлдтой хъазты æгъдау. Иварон цæф ныккæныны бар æрхауд Тедеты Бахвамæ æмæ тыхджын цæфæй уазджыты хъазы уæллаг къуымы «стæлфын кодта» пурти — 2:0. Æртыккаг пурти уазджыты дуары хъямæ бахауд Хъецмæзты Игоры цæфæй, арæхстджынæй йæм æй Тедеты Бахва куы балæвæрдта, уæд.

Уыцы бон хъазæн фæзы тæккæ арæхстджындæр футболист уыдис Тедеты Бахва. Иу минут дæр æнцойдзинад нæ лæвæрдта уазджыты хъахъхъæнджытæн. Иуахæмы та фæзы æмбисы ацахста пурти. Бакуйаг футболисттæ 'хсæнты атыидзыдта размæ, кæд æй къухæй бауромынмæ хъавыдысты, уæддæр банрæзт иварон фæзмæ уазджыты дуармæ — 4:0. Иттæг хорз фадат уыдис Тедеты læппуйæн хъазты кæронмæ 'ввахс æртыккаг пурти бакъуырынæн дæр, лæгæй-лæгмæ та рацыд уазджыты дуаргæсимæ, фæлæ ацы хатт пурти хъамæ нæ бахауд. Хъазт ахицæн спартаконты уæлахизæй 4:0 хъæздыг.

Уыцы бон фыццаг къорды командæтæ ахъазыдысты афтæ: «Тирас» — «Таврия» — 0:0, «Пахтакор» — «Ростсельмаш» — 2:1, «Кайрат» — «Динамо» Ст. — 4:1, «Локомотив» М. — «Факел» — 2:0, «Кузбасс» — «Локомотив» Г. — 0:0, «Геолог» — «Металлург» — 0:0, «Шинник» — «Нистру» — 4:1, «Котайк» — «Зенит» — 0:0.

Ныр «Спартак» дыууæ хъазты кæндзæн уазæгуаты «Металлург» æмæ «Нистру»

ХÆДБЫНДУР КУРДИÆТТÆ

Цæгат Ирыстоны паддзахадон музыкалон театры æрвадæны æнтыстджынæй цыдис Дж. Вердийы æртæактон цыппарывон операе «Бал-маскарад». Уый у дунейы иууыл зындæр æмæ вазыгдыдæр оператæй ну. Æмæ хæсыгон хъуыддаг у, музыкалон театры артисттæ йæм цыфыс кæй бахастой, æмæ сценæйыл кæй сæвæрдта уый. Æмæ уымæй нæ фæрæдыдты. Анвадурæзты зæрдæмæ тынг фæцыдис канд оркестры цагъд нæ, æлæ солисттæ — УСФСР-йы сгуыхт артисттæ Билаонты Долорес — Амелия, Бæцæзаты Юрий — Ренато, Мысыкаты Азæ — Кæлæнгæнæг æмæ операйы сæйраг ролы хъазæг Кочиты Хасан — Граф Ричарды архайд æмæ зард.

Операйы дирижер у Цæгат Ирыстоны аивæдты сгуыхт архайæг Павел Панасян, режиссер — УСФСР-йы адæмон артист Лекъты Юрий, нывгæнæг — УСФСР-йы аивæдты сгуыхт архайæг Николай Котов, хормейстер — Цæгат Ирыстоны АССР-йы адæмон артист Дзуццаты Зарæ, балетмейстер — В. Пашкович.

Операйы сæйраг ролты чи хъазыдис, уыдонæй театрдзаутæ хорз аргъ скодтой артист Кочиты Хасаны сценикон курдиатæн. Сценæмæ ну куы рахызт, уæд-ну ыч аивадуарзджытæ сарæзтой тыхджын къухæмдзæгъд.

Нæ уацхæссæг фембæлд Кочиты Хасанимæ æмæ йæм радта цалдæр фарсты.

— Хасан, махæн, театрдзаутæн, стыр æхсызгон уыдис, дунейы зындгондджер композитортæй ну, Дж. Вердийы операе «Бал-маскарад»-ы Граф Ричарды ролы æнтыстджынæй кæй ахъазыдтæ, уый. Радзур-ма, куыд цæттæ кодтай уыцы вазыгджын ролмæ?

— 1980 азы театрмæ куы æрбацыдтæн, уæд-иу арæх хъуыстон театры кусджытæй, зæгъгæ, хъуамæ сæвæрæм операе «Бал-маскарад» Фæлæ-ну Граф Ричарды ролы тыххæй ныхас куы радтой, уæд та-ну хъуыддаг ныккъахъуылымпы. Стæй ма театрæн зындзинæдтæ æвзарын кодта уый, æмæ декорацитæ фаг нæ кодтой, стæй сæрмагонд уæлæдарæс æмæ æхца. Фæлæ уæддæр мах ар'хайдтам, ныфс нæ уыдис, искуы нæ театры сценæйыл операе æвæрд кæй æрцæудзæнис, уымæй. Æмæ фарон куыддæр Таганроджы нæ гастролтæ ахицæн сты, афтæ бавналдтам «Бал-маскарад»-ы ролтæ ахуыр кæнынмæ. Уынмæ ма ноджыдæр уæлæмхасæн лæвæрдтам спектаклтæ, концерттæ, æмæ афтæмæй куыддæртæй нæхи фæрæзтæй бацæттæ кодтам операе. Уæлдай тынгдæр «Бал-маскарад» сценæйыл сæвæрыны бæллиц йæ уæлмонцты иста театры режиссер Лекъты Юрийы. Æмæ архайдта æппæт мадзæлттæй дæр, цæмæй операе музыкалон театры сценæйы æвæрд æрцæуа, уыл. Спектакль сæвæрыны хъуыддаджы уæлдай стырдæр уæз æрхауд дирижер Павел Панаслямæ. Уый ма оркестримæ кусынæй дарддæр райсомæй изæрмæ куыста солисттимæ дæр. Репетиции рæстæг мын хæсгонд æрцыд, растдæр зæгъгæйæ та, Панасяны бафæндыд, цæмæй æз ахъазыдаин Граф Ричарды ролы. Æз, кæй зæгъын æй хъæуы, фыццаг тынг фæтыхстæн ахæм бæрнон æмæ мын вазыгджын роль мæ бар кæй кæнынц, уымæй. Фыццаг мæ зæрды уыдис не 'сразы уæвын. Фæлæ мын дирижер стæй Бæцæзаты Юрий бавæрдтой стыр ныфс. Бауæндын мæ кодтой мæ тыхтыл, мæ курдиатыл. Æмæ мæм цы дызæрдыгдзинад уыдис, уый уалдзыгон митау атадис. Уый фæстæ райдыдтой репетицитæ. Æнцон мын нæ уыдис. Бафæлладтæн-иу. Стыхстæн-иу, мæ зард-иу зæрдæйы фæндиаг куы нæ уадис, уæд. Фæлæ цыдис рæстæг. Æмæ хуыздæрæй-хуыздæр кодтой мæ арæхстдзинæдтæ. Роль æххæстгæнгæйæ-иу афтæ арф аныгъуылдтæн мæ хъайтары миддунейы, æмæ-иу зæрдæ адæргæй ризын райдыдта чысыл къуыхцытæй дæр. Æхсæвæй-бонæй мæ хъуыдытæ нудадзыгдæр баст уыдысты ацы ролимæ. Премьерæ куыд ахицæн, уымæн та ирд æвдисæн уыдысты анвадуарзджыты арфæтæ æмæ къухæмдзæгъд.

— Ричарды роль дæ зæрдæйы фæндиаг рауадис, æви ма йыл дарддæр дæр кусдзыпп?

— Кæй зæгъын æй хъæуы, ахæм стыр ролты хъазын æнцон нæу. Хъæуы нудадзыгдæр хицыл кусын. Ричарды ролы тыххæй куы зæгъон, уæд дзы ис, мæ зæрдæ ма кæмæ æхсайы, ахæм къуыхцытæ, æмæ сыл дарддæр ну спектаклей иннæмæ кусдзынæн.

— «Бал - маскарад»-æй дарддæр ма Дж. Вердийы оператæй кæм хъазыдтæ?

— Дж. Верди у мæ уарзондæр композитортæй ну. Йæ диссаджы æнæмæлгæ æмæ зæрдæгагйæ музыкæ мæ риуы сабион бонтæй фæстæмæ нылуугæта арф фæд. Æмæ мын æхсызгон уыдис, музыкалон театры кусын куы райдыдтон, уæд мын йæ зындгонд операе «Риголетто»-йы Герцогы роль мæ бар куы бакодтой, уæд. Æрæджы та «Травиата»-йы хъазыдтæн Альфреды ролы, стæй, æргом куы зæгъон, уæд Вердийы хъайтартæ се 'ппæт дæр сты, мæ зæрдæмæ хæстæг кæй райстон, ахæмтæ.

Цæмæй адæм тынгдæр цæуой музыкалон театрмæ, уый тыххæй цы саразын хъæуы?

— Хъыгагæн, абоны онг театры спектаклтæн нæй нывыл рекламæ. Нæ аивады тыххæй фаг нæ фыссынц республикон газеттæ, радио, телеуынынад. Æмæ уый, мæнмæ гæсгæ, у фыццаг аххосаг, адæм нæм кæй нæ цæуынц, уымæн.

Курдиатджын артист Кочиты Хасан æнтыстджынæй хъазы куыд фæсарæйнаг æмæ советон классикты, афтæ ирон авторты операты æмæ опереттæты. Аивадуарзджытæ йын кад кæнынц.

ДЫГЪУЫЗТЫ Тенгиз.

«СОЦИАЛИСТИЧЕСКАЯ ОСЕТИЯ» МЫХУЫР КÆНЫ

Газет дарддæр мыхуыр кæны æрмæджытæ Уæлахизы 45 азы бæрæгбоны тыххæй.

Номыры — Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы сæрдар, СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг секретарь Галазты Æхсарбеджы доклад.

Абон горæт Орджоникидзейы байгом уыдзæн XXXIII облæстон партион конференци. Ацы цауы фæдыл газет мыхуыр кæны æрмæджытæ.

Газет хъусын кæны, ССР Цæдисы Президентон советы уæнг Е. М. Примаков Цæгат Ирыстонмæ кæй æрбацыд, уый тыххæй.

Номыры — Ставд-Дурты зынгхуыст хæстонты кадæн цыртдзæвæн байгомы тыххæй, В. Катыхины репортаж Науыræй, спорт, æндæр æрмæг республикæйы цардæй.

ГЪЕ, АФТÆ, «СПАРТАК»!

«СПАРТАК» — «НЕФТЧИ» — 4:0

Футболæй ССР Цæдисы чемпионатты уæлдæр къорды архайгæйæ æртæ æмæ ссæдз азы дæргъы чи сфæлтæрдта, ахæм коллектив у Бакуйы футболон командæ «Нефтчи». Бирæ номдзыд футболисттæ схъомыл кодта уыцы клуб. Хистæр кары спортуарзджыты зæрдыл ма пыртæккæ дæр хорз лæууыщ. Сæ цæстытыл ауайы Кузнецов, Маркаров, Баннишевский, Туаты Хъазыбег, Шевченко, Стекольников æмæ иннæты арæхстджын хъазт. Командæ пыртæккæ дæр цух нæу курдиатджын футболисттæй. Коллективы фылдæр хай сты, цалдæргай азты уæлдæр къорды æнтыстджынæй чи хъазыд, уыцы фæсивæд, уыдон хоны йæ сæйрагдæр ныфс ногæй уæлдæр къордмæ схизыныл тохы. Уый та пыртæккæ азербайджайнаг футболисттæн у сæ иунæг нысан.

Орджоникидзейы «Спартак»-æн дæр æнæзонгæ нæу «Нефтчи». Æндæрæбоны онг дыууæ командæйы кæрæдзимæ сæ хъарутæ бавзæрстой дыууадæс хатты. Цыппар хатты хъазæн фæстæй уæлахизæй рацыдысты азербайджайнаг футболисттæ, дыууæ хатты та — спартаконтæ, æхсæз хатты сæ хъæстытæ ахицæн сты æмдыхæй, уыцы-ну хуызон — 0:0 хыгъдмæ. Æмæ æндæрæбон, не стыр Уæлахизы бæрæгбоны рæстæг сæ радон фембæлд цавæр бæрæггæнæнтимæ ахицæн уыдзæн, уый спортуарзджытæй бæлвырдæй зæгъын никæй бон уыдис. Уæлдайдæр уымæн, æмæ хæрзæрæджы «Нефтчи» иæхи фæзы 6:1 хыгъдмæ «нылдæрæн» кодта фыццаг къорды тыхджындæр командæтæй ку — Тюмены «Геолодиы». Ахæм æнтыст бафтыд «Спартачы» къухы дæр, 5:2 хыгъдмæ Ленинграды «Зенит»-ыл куы фæуæлахиз, уæд. Æндæр сты ацы аз «Спартак»-æн канд йæ фæндтæ нæ, фæлæ йæ хъарутæ, йæ арæхстдзинæдтæ. Командæ схъæстæй-хъæтмæ хъомысджындæр, хæстхъомдæр кæны. Сарæхстысты та нæ læппутæ æндæрæбон дæр сæ тыхджын нымæлæууæгæй йæ фæндтæ фæсыкк кæнынмæ.

Хъазт нæма райдыдта, афтæмæй стадионы уæвæг футболуарзджытæ минут æнæдзургæйæ алæугæйæ ссардтой номдзыд богал, дунейы æмæ Европæйы цалдæр хатты чемпион Хæдарцаты Асланы рухс ном.

Æмæ райдыдта хъазт, уазджыты уæндон ныббырстæн карздæр æмæ арæхстджындæр ныббырстытæй дзуапп лæвæрдтой нæ læппутæ. Цыдис ерысты фæндзæм минут. Нæ командæйы р а з м æ б ы р с д ж ы т æ «Нефтчи» - йы иварон фæзмæ куы баввахс сты, уæд хъахъхъæнæг Гæздæнты Сергей пурти æвæстиатæй авæрдта, уыцы бон нæ læппутæй хуыздæр чи хъазыд, уыдонæй ну — Васильевмæ, æмæ йæ уый уазджыты дуары бамидæг кодта — 1:0.

Сарæх сты спартаконты уæндон ныббырстытæ. Хъазты фыццаг æмбисы æвдæм, æстæм, цыппæрдæсæм æмæ ма ноджыдæр ну æртæ хатты хыгъд фæфылдæр кæнынæн фадат уыдис нæ размæ бырсджытæ Тедеты Бахвайæн, Валерий Корнеевæн, Цхуырбаты Станиславæн æмæ иннæтæн, фæлæ сæ цæфтæ нысаныл нæ сæмбæлдысты. Дыууæ хатты хыгъд сæмхуыйон кæныны фадат уыдис уазджытæн дæр, фæлæ нæ дуарræс Юрий Перескоков сарæхст йæ дуар бахъахъхъæнынмæ.

Ноджы мидисджындæр рауад хъазты дыккаг æмбис. Нæ læппутæ сæ ныббырстытæй тынгдæр тыхсын кæнын райдыдтой бакуйаг футболисттæ. Æмæ хъазты рæстæгæй æртæ-цыппар минуты бæрц куы рацыд, уæд уазджытæ сæ иварон фæзмæ хæстæг фехæлдтой хъазты æгъдау. Иварон цæф ныккæныны бар æрхауд Тедеты Бахвамæ æмæ тыхджын цæфæй уазджыты хызы уæллаг къуымы «стæлфын кодта» пурти — 2:0. Æртыккаг пурти уазджыты дуары хызмæ бахауд Хъæцмæзты Игоры цæфæй, арæхстджынæй йæм æй Тедеты Бахва куы балæвæрдта, уæд.

Уыцы бон хъазæн фæзы тæккæ арæхстджындзер футболист уыдис Тедеты Бахва. Иу минут дæр æнцойдзинад нæ læвæрдта уазджыты хъахъхъæнджытæн. Иуахæмы та фæзы æмбисы ацахста пурти. Бакуйаг футболисттæ 'хсæнты атындзыдта размæ, кæд æй къухæй бауромынмæ хъавыдысты, уæддæр баирвæзт иварон фæзмæ, дуаррæс йæ размæ ратындзыдта, фæлæ Бахва сарæхст уый фæсайынмæ дæр æмæ пурти батылдта уазджыты дуармæ — 4:0. Иттæг хорз фадат уыдис Тедеты læппуйæн хъазты къæрмæ 'ввахс æртыккаг пурти бакъуырынæн дæр, læгæй-лæгмæ та рацыд уазджыты дуаргæсмæ, фæлæ ацы хатт пурти хызмæ нæ бахауд. Хъазт ахицæн спартаконты уæлахизæй 4:0 хыгъдмæ.

Уыцы бон фыццаг къорды иннæ командæтæ хъазыдысты афтæ: «Тирас» — «Таврия» — 0:0, «Пахтакор» — «Ростсельмаш» — 2:1, «Кайрат» — «Динамо» Ст. — 4:1, «Локомотив» М. — «Факел» — 2:0, «Кузбасс» — «Локомотив» Г. — 0:0, «Геолог» — «Металлург» — 0:0, «Шинник» — «Нистру» — 4:1, «Котайк» — «Зенит» — 0:0.

Ныр «Спартак» дыууæ хъазты кæндзæн уазæгуаты «Металлург» æмæ «Нистру» имæ. Гъе, афтæ ахъаз уазæгуаты дæр, «Спартак».

ГУЫБАТЫ Ч.

КОМАНДÆТЫ УАВÆР НЫРТÆККÆ

Командæтæ:	Ахъазыд:	Рамбылдта:	Æмдых:	Фæхæрд:	Пуртитæ:	Очкотæ
1. «Шинник»	7	4	3	0	10—2	11
2. «Металлург»	8	4	3	1	9—3	11
3. «Кайрат»	8	4	2	2	13—9	10
4. «Геолог»	7	4	2	1	9—7	10
5. «Спартак»	6	4	1	1	15—4	9
6. «Локомотив» М.	6	3	3	0	9—3	9
7. «Динамо» Ст.	7	3	2	2	10—10	8
8. «Пахтакор»	8	3	3	2	13—13	8
9. «Факел»	7	3	1	3	8—7	7
10. «Котайк»	6	2	3	1	7—2	7
11. «Нефтчи»	8	2	3	3	12—11	7
12. «Нистру»	8	1	4	3	10—16	6
13. «Зенит»	7	1	3	3	5—9	5
14. «Локомотив» Г.	7	1	2	3	5—10	5
15. «Таврия»	6	0	5	1	1—2	5
16. «Динамо» Сх.	4	2	0	2	2—3	4
17. «Ростсельмаш»	7	1	2	4	8—13	4
18. «Тирас»	6	0	4	2	3—9	4
19. «Кубань»	6	1	1	4	2—12	3
20. «Кузбасс»	7	0	2	5	2—8	2

АРХАЙДЗЫСТЫ ЧЕМПИОНАТЫ

Ацы аз 15 июнæй 18 июнмæ цæудзæн уæгъдибар хæбысхæстæй ССР Цæдисы чемпионат. Уырдæм тыхджындæр богæлтты равзарыны тыххæй горæт Гомелы Спорты галуаны цыдысты уæгъдибар хæбысхæстæй Æппæтцæдисон ерыстæ. Ацы ерысты алы уæзы дæр разагъ цыппар бынаты бацахсæр богæлттæн уагæвæрдмæ гæсгæ лæвæрд цæуы чемпионаты архайыны бар.

Гомелы ерысты архайдтой ирыстойнаг богæлттæ дæр æмæ цыппарæй рацыдысты призон бынæттæм, архайдзысты уæгъдибар хæбысхæстæй бæстæйы чемпионаты. Æппæтæй хуыздæр æнтыст бафтыд дунеон къласы спорты мастер Наниты Оледжы къухы. Уæззау уæзы архайгæйæ, уый фæуæлахиз æппæт ныхмæлæуджытыл дæр æмæ бацахста фыццаг бынат. Се 'муæзонты 'хсæн æртыккаг бынæттæ бацахстой æмæ бæстæйы чемпионаты архайыны бар æрхауд дунеон къласы спорты мастертæ, уæгъдибар хæбысхæстæй ССР Цæдисы чемпионтæ Зыгъуытаты Владимир æмæ Милдзыхты Юрæмæ. Цыппæрæм бынат бацахста æмæ чемпионаты архайдзæн уæгъдибар хæбысхæстæй æрыгæтты 'хсæн Европæйы чемпион, дунеон къласы спорты мастер Челæхсаты Рустем.

Ирыстойнаг богæлтты ССР Цæдисы чемпионатмæ цæттæ кæнын райдыдтой ССР Цæдисы сгуыхт тренертæ Гусаты Юрий æмæ Дедегкаты Хъазыбег.

Кæд Гомелы ерысты нæ архайдта, уæддæр чемпионаты архайыны бар лæвæрд æрцыд Олимпаг хъæзтыты призер Тогызты Владимиræн дæр. **Г. ВАСИЛЬЧЕНКО.**

РАДИО

БЫНÆТТОН ПРОГРАММÆ 11 МАЙ, МАЙРÆМБОН

7.30, 8.25 — Дæ райсом хорз, Ирыстон! 8.55 — Республикон газеттыл афæлгæст. 18.00 — «Дур ныр дæр ма ис уым»... Ныддæргъвæтин хæсты ветеранты гаражы арæзтад. 18.20 — Амилаханты И. «Алибек». Поэмæ. 18.40 — Концерт.

12 МАЙ, САБАТ

7.30, 8.25 — Дæ райсом хорз, Ирыстон! 8.55 — Республикон газеттыл афæлгæст. 13.00 — «Чи бафæдзæхсдзæн Паддзахадон фæдзæхстад?» 13.30 — Адæмон музыкæйы концерт. 13.50 — Хъусынгæнинæгтæ, рекламæ. 15.15 — «Кавказы сæуæхсидтæ». Радиожурнал.

13 МАЙ, ХУЫЦАУБОН

13.00 — Ш. Чкадуа. «Цæхæрадоны чындз». Цæгат Ирыстоны паддзахадон драмон театры спектакль. 14.25 — Концерт. 14.55 — Хъусынгæнинæгтæ.

БОНЫХÆД

Гидрометбюро куыд хъусын кæны, афтæмæй 11 майы уыдзæн тæрккъæвда. Уæлдæфы температурæ республикæйы 16—21 градусы хъарм, горæт Орджоникидзейы — 16—18 градусы хъарм.

Редактор
ХЪЕСАТЫ В.

362015 — ЦИАССР, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг. 98. «Мыхуыры хæдзар»

Телефонтæ:
- Редактор — 5-46-36, 5-45-27.
- Ред. хæдивджытæ — 5-55-89, 5-35-87.
- Бæрнон секретарь — 5-44-37.
- Бæрнон сек. хæдивджытæ — 5-46-39.

ХАЙÆДТÆ:
- Партион-идеологон куыст 5-45-36, 5-35-88.
- Советон куыст æмæ барад — 5-44-19, 5-35-88.
- Индустрион-экономикон — 5-45-31.
- Агропромышленнон — 5-37-97, 5-45-16.
- Культурæ, ахуырад, наукæ — 5-53-74, 5-44-33.
- Спорт, информаци — 5-35-92, 5-53-72.
- Писмоты, социалон рæзт — 5-44-57 5-63-19.
- Къамисæг, нывгæнæг — 5-56-50.
- Тæлмацгæнæг — 5-63-19.
- Корректортæ — 5-67-03.
- Изæрон редакци — 5-35-71.
- Бухгалтери — 5-36-68.

Газет цæуы афæдз 250 хатты, къуырн та— фондз хатты.
Индекс — 53901.
1

ЕИ 01232. Бæрзонд мыхуыр. 1,86 мыхуыроп сыфы. Тираж — 23.500 Заказ №

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы рауагъдады типографи. 362015, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг, 98.